

# **Zvidzidzo Zvinokosha ZveBhaibheri**

**Nava O.P. Baird**

1st printing - 5000 - **2023** - **Shona**

**InDesign Layout:** Shane Fisher

Rakazonyorwa mururimi rwechishona na Tomson Mlawuzi

**Email:** tomsonmlawuzi@gmail.com  
(+263) 772941890

**Kana paFacebook page:** Tom Mlauzi  
Hatcliffe church of Christ Harare

**Kutenda kukuru kumaProofreaders Aya:**

Tawanda Godwin Marandure  
Tapiwa G Madamombe  
Victoria Chayabandi  
Christopher Mlauzi  
Nimrod Janah

**Rakatsikiswa na:**

Tawanda Godwin Marandure  
(+263) 772625642

Manyame park church of Christ  
Box ZG 4  
Zengeza  
Chitungwiza

manyamepchurchurchofchrist@gmail.com  
godwinkuda@gmail.com

Bvumo kubva kuna  
World Evangelism Publications  
Winona, Mississippi

Rakadindiswa newe  
World Literature Publications  
Winona, Mississippi

## NHANGANYAYA

Ndaiziva mukoma O.P. Baird kwemakore akawanda, asi munguva pfupi yapfuura ini nomudzimai wangu takava neropafadzo yokusangana naye nomudzimai wake. Takavawana vari, sezvataitarisira, varoorani veChikristu vane mutsa zvikuru uye vane nyasha, vakazvipira zvizere kubasa raIshe. Vakashanda muU.SA munguva huru yehupenyu hwavo, vakazotamira kuSeoul, Korea, kwamakore anoverengeka, kuti vabetsere nebara raShe murutivi irworwo rwebasa. Mukuita kudaro, vakanga vasati vachingova bedzi vabatsiri kuvaKorea asi vakagadzirawo muenzaniso kuhama dzakwegura munyika yavo, kuti dzidavire kudanwa kwebasa guru revahangeri. VanaBaird parizvino vanovaka musha wavo muSearcy, Arkansas, kwavari kushanda neungano iri pedyo.

**ZVIDZIDZO ZVAKAKOSHA ZVEBHAIBHERI** zvakatanga kunyorwa senhungamiro muzvidzidzo zveBhaibheri zvemudzimba, asi takaona kuti mashoko acho aifanira kudhindwa ari muchimiro chebhuku. Zvichave zvakakosha mukudzidza kwedungamunhu, mudzimba, uye mukudzidza kwemakirasi, uye muno muStates, uye zvakare tinoronga kuidhinda munyika dzakasiyana siyana dzekunze. Chokwadi tinotenda hama Baird nokuda kwokuita kuti mashoko aya awanike kuti abudiswe.

Ndapota verenga zvidzidzo izvi nokungwarira, uye zvidzidze pamwe chete nemagwaro, Kuti ukwanise kuwana betsero hurusa kubva kwazviri. Kana muchida kubatsirwa mukudzidza, tapota tizivisei.

J.C.Choate

## ZVIRI MUKATI

Chidzidzo 1: Chidzidzo Chekutanga.....	5
Chidzidzo 2: Kuvimbika kweMagwaro: I .....	8
Chidzidzo 3: Kuvimbika kweMagwaro: II .....	10
Chidzidzo 4: Kumuka kwāJesu .....	12
Chidzidzo 5: Mwari Akatipa Bhaibheri .....	15
Chidzidzo 6: Kusakwana kweMagwaro .....	18
Chidziudzo 7: Simba muChikristu.....	19
Chidzidzo 8: Kupfava muChikristu.....	22
Chidzidzo 9: Nzira mbiri uye Mafambiro Maviri.....	25
Chidzidzo 10: Nheyo Inoponesa .....	28
Chidzidzo 11: Kuteerera .....	31
Chidzidzo 12: Kupfidza.....	35
Chidzidzo 13: Murairo weKubhabhatidza .....	38
Chidzidzo 14: Kurarama Hupenyu Hutsva.....	41
Chidzidzo 15: Kristu neKereke.....	44
Chidzidzo 16: Munhu Anogona Kuponeswa Kunze KweChechi Here?..	48
Chidzidzo 17: Munamato waKristu kuChechi.....	51
Chidzidzo 18: Hwaro Hwekusagadzikana Mumuviri waKristu.....	53
Chidzidzo 19: Rakachengetedzwa muShoko nemuZita raKristu.....	56
Chidzidzo 20: Sangano reKereke.....	59
Chidzidzo 21: Kereke neHupenyu hweMukristu.....	62
Chidzidzo 22: Muzambiringa neMatavi.....	65
Chidzidzo 23: Kuda Kwekupedzisira neTestamente yaJesu.....	67

## **Chidzidzo 1: Chidzidzo Chekutanga**

Chidzidzo chimwe nechimwe mubhuku rino chinogona kuverengwa mumaminitsi mashoma chete, uye muchinangwa chekusimudzira fundo yeBhaibheri. Zvinotarisirwa kuti chidzidzo ichi chichabatsira Makristu kunyangwe avo vasati vava Vakristu.

Tisati tapinda muzvidzidziso zvekudzidzisa zveBhaibheri tichatarisa kuBhaibheri rimene uye nekuchengeta ukoshi hwokuziva nokutevera dzidziso dzaro. Ticharatidzawo zvime zvikonzero zvinoita kuti tive nekutenda mukubvuma kuvimbika kwemagwaro uye kutenda uchapupu hwaJesu.

### **Shanduro dzeBhaibheri**

Testamente Yekare yakanyorwa nemutauro wechiHebheru uye Testamente Itsva nechiGiriki. Naizvozvo vazhinji vedu tinofanira kuvimba neshanduro. Shanduro yakashandiswa mubhuku iri iKing James Version (KJV) nekuti ndiyo ichiri kuverengwa zvakanyanya. Bhaibheri reKJV rinodaizwawo kuti, Vhizheni Yakatenderwa nokuti ishanduro yakatenderwa naMambo James Wokutanga weEngland. Yakabudiswa muna 1611. Pakanga pane uwandu vemavhizheni eChirungu mushure maivayo aiveko, uye iyo shanduro yakashandiswa uye yakaenzaniswa mukugadzirwa kweKJV, zvakatora makore makumi mashanu kuti KJV igamuchirwe zvikuru.

Nekuda kwekuchinja mumutauro weChirungu uye kuwanikwa kwezvinyorwa zveBhaibheri zvekare kupfuura zvaiwanikwa nevashanduri veKJV, zvakafanira kунzwisiswa kuti zvidzokororwe. Mutauro womutauro uyo Bhaibheri rakanyorwa nawo wakanga uri muchimiro chakashandiswa navanhuwo zvavo mukutura nekunyora kwezuva nezuva. Naizvozvo shanduro inofanira kuva mukutura kwezuva nezuva kwavanhu vachashandisa shanduro. Iyo KJV yakanga iri mumutauro werudzi irworwo apo yakashandurwa: asi, mushure menguva yakareba yakadaro, mamwe maitiro emitauro ayo haasisiri kushandiswa mazuvaano.

Nyanzvi dzakasiana-siana dzakashandura, asi yokutanga inobvumwa zvikuru yakaitwa neboka renyanzvi dzechiHebheru nechiGiriki dzakatamira munyika dzinotaura Chirungu yaiva English Revised Version (ERV). Chikamu cheTestamende Itsva chakabudiswa muna 1881 uye Bhaibheri rakazara muna 1885. Dare rokushandura rakaumbwa nenyanzvi dzeBritain neAmerica. Nhengo dzedare remuAmerica dzakaburitsa muono vadzo, American Standard Version (ASV), New Testarnent ichionekwa muna 1900 neBhaibheri rose muna 1901. Pane musiyano mudiki pakati peERV neASV.

Shanduro yakatevera inokosha yakaitwa neboka renyanzvi dzevadzidzi raiva

Revised Standard Version (RSV). Chikamu che Testamente Itsva chakabudiswa muna 1946 uye Bhaibheri rakaZara muna 1952.

Pashure pokunge King James Version yabudiswa, chikamu chakatikurei chez-vinuorwa zveBhaibheri nezvikamu zvaro zvakawanda zvaiva zvekare zvikuru kup-fuura zvinyorwa zvakanga zvichwanikwa kuvashanduri veKJV. Misiyano ingan-goita zvikanganiso zvevakopi zvidiki izvo zvisina kukanganisa dzidziso yemagwaro. Kunyange zvakadaro, nyanzwi dzakapedza makore akawanda dzichienzanisa manyoro kuti abudise rugwaro runoda kusvika parugwaro rwepakutanga sezvinobvira. Aya manyoro akadzokororwa aiwanikwa nevashanduri vakazotevera.

Zvinokurudzirwa kuti muravi weizvi zvidzidzo awane rugwaro rumwe norum-we rwakatorerwa mashoko kana kuti nongedzero yarwo muzvidzidzo izvi ndokurava rumwe norumwe namashoko arwo akapoteredza (ndima dziri pamberi parwo na-pashure paro). Mashoko akapoteredza kazhinji kazhinji ane chokuita zvikuru nokun-zwisia zvirevo zvacho. Vhesi yoga, kunze kwechirevo chayo, dzimwe nguva inoita seinodzidzisa chimwe chinhu charisingadzidzisi.

### **Kukosha Kwezivo**

Kuti vatadzi vaponeswe, vanofanira kuuya kuna Kristu uyu ane simba rok-uponesa. Izvozvo zvinoda kuwana zivo yechokwadi chaMwari chinobereka kutenda maari, Kuziva kwedu Ishe kunobva muBhaibheri. Chokwadi, hatigoni kuwana zivo yakakwana yaMwari. Tinogona chete kuziva zvaAkatizarurira. Mwari havadi kuti tizive zvese zviri mushoko rake rakazivisa kuti tiponeswe, asi tinofanira kuziva Je-hovha. Tinofanira kuziva zvimwe zvinhu pamusoro penyasha dzake uye kuda kwake kwatiri.

### **Kutiza Kusvibiswa Kwenyika Kuburikidza neZivo**

Muchikamu chinotevera cherekedza nzira iyo vanhu vanopukunyuka nayo kubva mukushatiswa kwenyika: “Nokuti kana vakatiza kusvibiswa kwenyika kupfurikidza nokuziva Ishe noMuponesi Jesu Kristu, vakapinzwazve mazviri, uye vakurirwa, kugu-ma kwokupedzisira, kwakaipa kwavari kupfuura kutanga, nokuti zvaiva nani kwavari, dai vasina kuziva nzira yokururama, pakuti vadzoke pamurairo mutsvene wakaku-mikidzwa, vaiziva havo.” (2 Petro 2:20-21). Tinofanira kuziva Kristu nenzira yake yokururama, uye tofambawo mairi.

Vamwe vanofunga kuti kana munhu akadzoka kubva munzira yokururama achienda kutsvina yenyika zvoreva kuti akanga asina kubvira akatiza kubva kwaz-viri pakutanga. Asi cherechedza kuti ndima iyi inotaura kuti vaya vakatendeuka vakanga vapukunyuka. Vaiziva nzira yokururama uye vakabva vadzokera shure,

pashure pokunge vapukunyuka kusvibiswa kwechivi. Asi, Mwari ngaarumbidzwe, kana vachinge vada Ishe zvakare uye vakadzokera kwaari vanogona kuregererwa. Ichokwadi kuti kwakanga kune vamwe, vainzi vanopesana naKristu, vaidyidzana ne-Makristu vekutanga, vakabuda mavari nemhaka yokuti vakanga vasiri vavo (Johane 2:18-19), asi, sezvinoratidzirwa muchikamu chiri muna Petro Wechipiri, kwakanga kune vamwe, vakadzokera kwavakanga vatiza.

### **Kutongwa Pasina Ruzivo**

Avo vasingazivi Mwari vachatongwa nokusingaperi kana vasina kudzidza Kwaari: "...pakuvonekwa kwaShe Jesu, kana achibva kudenga navatumwa vesimba rake, mumoto unopfuta, achitsiva avo vasingazivi Mwari, navasingateererri Evhangeri yaShe wedu, Jesu Kristu; paacharatidzwa Ishe Jesu achibva kudenga ane vatumwa vake vane simba, mumurazvo womoto achitsiva avo vasingazivi Mwari, navanoteera. kwete evhangeri yaIshe wedu Jesu Kristu: uyo acharangwa nekuparadzwa kusin-gaperi kubva pamberi paIshe, uye kubva mukuputsika kwesimba rake (2 VaTesaronika 1:7-9).

### **Zvikomborero Zvose Zvemweya Huya Nezivo**

Zvese zvine chekuita nehupenyu nekunaka zvinouya kubudikidza neruzivo rwaIshe: "Sesimba roUmwari hwake akatipa zvinhu zvose zvoUpenyu nokunamata Mwari, kubudikidza nokumuziva iye akatidana kukubwinya nokunaka." (2 Petro 1:3).

### **Kusunungurwa Nezivo**

Jesu akati, "Muchaziva zvokwadi, uye zvokwadi ichakusunungurai." (Johane 8:32). Vanhu havangasunungurwe kunze kwekunge vaziva chokwadi chakapihwa nokudakwechinangwa ichechi.

Nekuda kwezvokwadi dzorugwaro dziri pamberi pedu, tinogona kunzwisia chikonzero nei muapostora Pauro akakwaniswa mukututaridza nezvezivo yaKristu mukunyorwa kwoukoshi hwakadaro hwaakanyora, kuti, "...ndinototi zvinhu zvose kurashikirwa hako nokuda kwokunaka kwokuziva Kristu Jesu, Ishe wangu" (VaFiripi 3:8). Bhaibheri ndiro hwaro yechokwadi chaMwari chakaziviswa, uye vatadzi vanogona kuuya kuna Kristu ndokuponeswa bedzi pashure pokunge vawana zivo iyoyo inova chokwadi chinobereka kutenda muna Kristu. Ane simba rokuponesa.

## **Chidzidzo Chechipiri**

### **Kuvimbika kweMagwaro: I**

Kutenda kweChikristu kwakavakirwa pamusoro paJesu. Mukutsanangura chokwadi chevhangeri, Pauro akanyora kuti, "...kuti Kristu wakafira zvivi zvedu, sezvakanyorwa paMagwaro; vuye kuti wakavigwa, akamutswa nezuva retatu, sezvakanyorwa paMagwaro...." (1 VaKorinte 15:3-4). Ipapo Pauro anotaura nezvokumwe kuoneka kwaKristu pashure porumuko rwake.

Jesu akanga ari, uye ndiyе, Mwanakomana waMwari. Akazviratidza nokumuka kwake. Kana tichitenda kuti akamuka hatinetseki kutenda kuti akabva kuna Mwari Baba uye kuti dzidziso dzake dzese dzaive chokwadi uye kuti zvipikirwa zvake ndezvechokwadi.

Zvese zvatinoziva nezvajesu zvinobva mumagwaro. Naizvozvo kutenda kwedu maAri kunotsamira pakuvimba kwedu mukuvimbika kwemagwaro anotaura nezvake. Mavambo eTestamente Itsva

Bhaibheri rakava nevatsoropodzi vakawanda. Kusvika nguva pfupi yadarika vazhinji vavo vairatidza kuti pakanga pasina humbowo hunoratidza kuti Testamente Itsva yakanyorwa zana remakore rechitatu kana rekutanga risati rasvika (ma200 kana 300 A.D). Izvozvo zvaizopa nguva yakawanda yokuti vanhu vatange nyaya dvezishamiso zvajesu, kusanganisira Kumuka Kwake. Vakataura izvi nokuti zvinyorwa zvechiGiriki zvekaresa zvinozivikanwa zveTestamente Itsva zvaiva muzana remakore mumakopi mana. Vatsoropodzi havachatauri kuti magwaro ayaakanonoka kubva nekuti zvikamu zvezvinyorwa zveTestamente Itsva zvakawanikwa zvichidzokera kumazuva chaiwo evaapostora.

Zvimedu zvemakopi apakuvamba eTestamente Itsva zvakawanwa panhokwe, chinyorwa chaigadzirwa netsanga chaikura zvikurukuru mumachakwi eEgipita. Hapana makopi akazara eTestamente Itsva anozivikanwa pachinhu ichi. Asikungoti, chikamu bedzi, pasinei zvapo nokuti chiduku sei, chebhuku reTestamente Itsva chinoratidza kuti bhuku racho rakanga riripo apo kopi yacho yakaitwa.

Kune mapoka matatu ehwaro yemapepa enhokwe ezhvinyorwa zveTestamente Itsva. Zvakawanda zvaizvozvi zvakawanwa pashure pokutanga kwezana redu ramakore. Rimwe boka remipumburu yenhokwe rakatengwa naChester Beatty muCairo, Egypt, kuma1930. Iwaya ane makopi ekaresa atinawo etsamba dzaPauro, uye ndeomuzana ramakore rechitatu.

Rimwe boka rezvinyorwa zvakadaro raiva reEgipita. Yakatengwa naVaAdler muEngland uye yava muBodmer Library muGeneva, Switzerland. Muchikamu ichi mune kopi yakakwana yaJohani uye mamwe manyoro ane chikamu chaJohani uye

chikamu chaRuka. Ose ari maviri kubva kunenge kuma 200 A.D

Rimwezve boka riri muJohn Rylands Library iri Manchester, England. Mumunganidzwa uyu mune kapeta kenhokwe kane mavhesi mashoma kubva muchitsauko chegumi nesere chaJohani. Inonzi Rylands Fragment .457 uye yaive yakavanikwa muEgipita muna 1920. Ichi ndicho chikamu chekare chinozikanwa cheTestamente Itsva. Dzimwe nyanzvi dzinoti pakuvamba muna 125 A.D. Muapostora Johani anofungidzirwa kuti akafa munenge muna 96 A.D., saka chikamu ichi chinodzokera kumashure anenge mazuva chaiwo evaapostora. Zvinoratidza kuti bhuku raJohane rakatambanudzwa kusvika 125 A.D. uye rakanga ravepo kwenguva yakareba kuti ri-tenderere kusvika kuEgipita. Umboo hworudzi irworwo hunofanira kuva hwakakwana kutizivisa kuti Johane amene, chapupu chakaona mabasa aJesu nokumuka kwake, akanyora pamusoro pezvihu zvaakaona nokunzwa muna (1Johane 1:1-4).

Kunze kwemakopi chaiwoiwo emabhuku eTestamente Itsva, muzvikamu kana kuti rose, pane humwe umboo hwemavambo apakuvamba eTestamente Itsva. Vakristu vakanyora muzana remakore rechipiri vakataura zvinyorwa izvozvo uye vakatora mashoko mazviri. Ava vaive varume vakadai saJustin Martyr akanyora makore angangoita 160 A.D. Kududzwa kwemabhuku mazhinji eTestamente Itsva kunyangwe nemunyengeri Marcion, makore angangoita 150 A.D., kunoratidza kuvapo kwekutanga panguva iyoyo. Muzana ramakore rechipiri Irenaeus akapupurira kuti kwakanga kune nhoroondo ina dzeevhangeri, kunyange zvazvo asina kutumidza Mateo, Marko, Ruka, uye Johane.

Varume ava vakararama uye vakanyora zvisingasviki makore zana kubva panguva yainyorwa mabhuku eTestamente Itsva. Vakanga vachikwanisa kuziva kuti zvaidavirwa neboka revaKristu zwakanga zvave zvipi uye kuti manyoro api akanga agamuchirwa navo panguva yokutambudzika. Vakararama pedyo zvakakwana nenguva yaJesu zvokuti vakanga voziva vanhu vakaona Jesu uye vakanzwa vaapostora vachiparidza.

### **Uchapupu Hwakawanda**

Zviitiko muhupenyu hwaJesu, kusanganisira kumuka kwake, zvinopupurirwa zviri nani kupfuura zvimwe zviitiko zvakaitika kare kare. Somuenzaniso, kune manyoro mapfumbamwe kana kuti gumi bedzi akanaka ehondo yaCaesar Gallic, uye makuru acho akanyorwa mumakore anokwanisa kusvika mazana mapfumbamwe pashure penguva yaKesari. Kusiyana neizvi, kune manyoro anoda kusvika zviuru zvitatu eTestamente Itsva yechiGiriki, kana kuti zvikamu zvayo, anotangira mukutanga kwezana remakore rechipiri (100) kutozosvikira pakudhindwa muGermany pakati pezana ramakore rechigumi neshanu. Kune zviuru zvakawanda rezvimwe zvinyorwa

zvakanyorwa munguva iyoyo zvine chokuita ne Testamente Itsva, zvichiratidza mavambo ayo okutanga.

## **Nhoroondo Yokumuka kwaJesu Yakanga isati Yave Yakazogadzirwa Gare gare**

Vanhu vane ruzivo havachatauri kuti Testamente Itsva yakanyorwa mushure mezana ramakore rekutanga. Mumwe angafungidzira kuti nyaya yokumutswa kwaJesus yakatangwa pava paya ndokuiswa munhoroondo yacho. Kugamuchira rondondedzero iyoyo kwaizofanira kurangarirwa kuti, pashure pokunge magwaro agamuchirwa namaKristu munyika yose, mumwe munhu akatanga nhau yorumuko rwajesu, nezvimwe zvishamiso Zvake zvose, uye neimwe nzira akaita kuti zvigamuchirwe munhoroondo yakatotendwa, uye anozivikanwa. Kupfuirirazve, kwaizofanira kurangarirwa kuti, pamanyoro mazhinji aripo, ayo bedzi ane manyepo akapfuiridzirwa. Izvi havigoneke zvekuti hazvibviswe zvachose.

Zvinganzi Makristu ekutanga chaivo akatanga nyaya uye, makore akati kuti gare gare, pakanyorwa evhangeri, vanyori vakaabatanidza nokuti akanga ava kudavirwa nevakawanda. Asi kufungidzira ikoko hakuna mufungo kana tichirangularira kutanga kamwe kwechechi pamusoro pokutendisa kwakasimba kwokuti Jesu, uyo akanga arovererwa mazuva mashomanene pamberi pezvo, akanga amutswa uye akanga ari mupenuyu.

Muchidzidzo chedu chinotevera tichatarisa nyaya yekuti Testamente Itsva yakashatiswa nevakopi zvekuti haichavimbika. Kutaura kwakadero uku kunoitwa nekuda kwezviuru zvemisiyano pazvinyorwa zvakanyorwa nemaoko.

## **Chidzidzo Chechitatu Kuvimbika kweMagwaro: II**

Muchidzidzo chekupedzisira takaona kuti Testamente Itsva Yakanyorwa muvana ramakore rekutanga, uye pane chikonzero chekufunga kuti haina kunyorwa nevaapostora vajesu nevamwe vaaishanda navo. Chidzidzo ichi chine chekuita neimwe pfungwa maererano nekuvimbika kweTestamente Itsva.

Kudhinda kusati kwatanga kushandisa, Bhaibheri raipfuiridzirwa nokukopa nemaoko. Zvakanyanya kuoma kukopa zvinyorwa zvakawanda pasina kukanganisa. apo Testamente Itsva yechiGiriki yakadhindwa ndokuparadzirwa, vanhu vakawana misiyano pakati pekopi yakadhindwa namakopi avo. Vakatanga kunetseka kuti kusawirirana kungavapo sei uye kuti kwakanga kwakakomba here kana kuti kwete.

Nyanzvi dzechiGiriki dzakatanga kushanda kuongorora uye kuenzanisa nham-

ba huru yemanyoro kuti dziedze kugadzirisa zvikanganiso zvach. Chikamu chitsva chehunyanzvi chakagadzirwa chinonzi “kutsoropodza zvinyorwa. Mamwe manyoro ekare akaonekwa akaongororwa pamwe chete nezviuru zveakazotevera. Imwe yakawanikwa kuVatican uye inonzi “Zvinyorwa zveVatican”. Imwe yakawanikwa mune imwe imba yemamongi paMt. Sinai uye inonzi “Zvinyorwa zveSinaitic.” Ose ari maviri akanyorwa muzana remakore rechina.

### **Mamiriro Ezvakasiyana**

Misiyano mizhinji iri mumanyoro imhaka yemhosho dzakadai sokutadza kuperetera, kusvetuka mashoko kana kuti mitsara, uye kushandura mashoko. Mhosho dzakadai seidzo hadzina kukomba nemhaka yokuti hadzikanganisi revo uye dzinoruramiswa nyore nyore nokuenzanisa zvinyorwa. Misiyano mishomanana zvikuru inokonzerwa nokuchinja kwenyika dzakawanda nomukopi. Anogona kuona chaanofunga kuti chikanganiso obva azvipira kuchichinja. Kana chiri chokwadi chikanganiso uye kururamisa kwake kuri kwechokwadi hapana chikanganiso chinoitwa, asi inogona kunge isiri kukanganisa zvachose kana, zvakakodzera, kururamisa kwake kungave kusiri iko chaiko. Muchiitiko ichocco anogadzira shanduko itsva inogona kupfuiridzirwa nevakopi vanotevera.

Rumwe rudzi rwekushandura kwamaune kwakanga kuri kuisa murugwaro chimwe chinyorwa kana kuti tsananguro iyo mukopi wekare akanga anyora mu-mucheto. Pane misiyano muchitsauko chechishanu chaJohani unofungidzirwa kuti unokonzerwa neshanduko yerudzi urwu. Muna KJV ndima yacho inoti, “...vakamirira kubvongodzwa kwemvura. Nokuti mutumwa waiburukira mudziva iro neimwe nguva, achibvongodza mvura; zvino uyo waitanga kupinda mumvura yabvongodzwa waiporeswa, kunyange akanga akabatwa nokurwara kupi nokupi.” (Johani 5:3b-4). Izvi hazviwaniki mushanduro dzakadzokororwa. Mamwe manyoro ekare echigiriki ane izvi asi mamwe haana. Kana Vatican kana Sinaitic vanayo. Zvinofungidzirwa kuti mumwe mukopi wapakuvamba aiziva chitendero chakaunza vanhu kudziva ndokunyora tsananguro mumucheto, uye mumwe mukopi gare gare akaisa murugwaro rwach. Shanduko dzemaune ishoma kwazvo, uye hapana kana imwe inotsveyamisa dzidziso yechiKristu inoitwa.

### **Misiyano Yakakomba Here?**

Kana tikaziva kuti misiyano mingani yakawanikwa tinogona kufunga kuti inyaya yakakomba, asi handizvo. Zvisinei, vatsoropodzi veBhaibheri vakaedza kuita kuti kuratidzike kuti Bhaibheri rakashatiswa zvokuti harina kuvimbika, asi havana kururama chose chose.

Zvirokwazvo kune nhamba yakawanda yekusiyana. Kune anenge 20, 000 muzviuru zvezvinyorwa zvakanyorwa nemaoko muchiGiriki. Chikamu chiduku bedzi cheTestamente Itsva yose chinobatanidzwa, uye misiyano mizhinji haina kukosha. Zvihinji zvacho hazvitombotadzi kushandurwa kubva muchiGiriki kuenda kune mumwe mutauro.

Rumwe rwemagwaro echiGiriki akaruramisa zvikurusa anozivikanwa ibasa renyanzwi mbiri dzeBritain, B. F. Westcott naF.J. A. Hort. Chinyorwa chakazotevera. zvichida iro rinonyanya kushandiswa iye zvino, nderaNestle iro rinongosiyana zvishoma kubva kuWestcott nezvinyorwa zvaHort.

Hort akati misiyano yose inozivikanwa yemarudzi ose yaizoumba isingapfuuri chikamu chimwe cheTestamente Itsva yose. Akataura kuti kana tikabvisa zvikanganiso zvakadai semazwi asina kuperetwa uye akaturikirwa, zvikanganiso zvingashandure zvinoreva zvachose, panogona kungosara chikamu chimwe chete pamakumi matanhatu evose vakabatwa. Akawedzera kuti zvihinjisa zvezvikanganiso izvi hazvichinji zvirevo munzira ipi neipi inokosha, uye izvo zvinoita zvingaumba chikamu chinopfuura chikamu chimwe chezviuru cheTestamente Itsva.”<sup>1</sup>

Mupiro mukuru wakaitwa nokutsoropodzwa kwemagwaro hausi mukugadzirisa rugwaro rwakaora asi kuti uratidze kuti rugwaro rwakanga rusina kushatiswa nenzira yakakomba mumazana ose amakore nezviuru zvamakopi. Izvi zvinoratidza kuti Mwari anga akarinda shoko rake kuitira kuti vhangeri, simba raMwari roruponeso (VaRoma 1:16), richengeterwe vanhu vechizvarwa chose. Zvakaitirwa vanhu vemarudzi ose. Tinogona kuvimba nechivimbo Testamente Itsva sezvatinayo kuti iri muchimiro chayo chepakutanga.

Kururamisa magwaro kwakaitwa paTestamente Yekare pamwe neTestamente Itsva. Rondedzero yavanyori, yakagadzwa naEzra, yakanga ine sebasa ravo kuchengetwa kwaMagwaro. Vakachenesa rugwaro kusvika pavaigona nemanyoro akanga aripo ndokuachengeta nokungwarira zvikuru.

## **Chidzidzo Chechina Kumuka kwajesu**

Kutenda kweMakristu kuri muMuponesi akamuka uye Anorarama, Ruzivo rwese nezvekumuka kwajesu kunobva mumagwaro, uye magwaro anodzokororwa. Muchidzidzo chino ngatitangei kurangarira muchidimbu izvo Testamente Itsva intaura pamusoro pekumuka kwajesu.

---

<sup>1</sup> F. J. A. Hort, *Introduction to the New Testament in the Original Greek* [New York: Harper, 1882], peji 2.

## **Nhoroondo yeBhaibheri Yokumuka kwaJesu**

Kuti ave nechokwadi chokuti Jesu akanga afa, murwi akapinza pfumo parutivi rwake apo ainge akaturikwa paamuchinjikwa. Pamberi paPiraato, gavhuna weRoma, asati apa mutumbi wake akadana mukuru wezana aitarisira kurovererwa uye akasimbisa kuti Jesu akanga afa. Mutumbi wakavigwa muguva idzva raJosefa weArimatiya, uye buri racho rakavharwa nedombo guru. Vaprista vakuru navaFarise vakarangari-ra kuti Jesu akanga ati aizomuka mumazuva matatu. Naizvozvo vakakumbira Plate kuti achenegetedze guva kusvikira mushure mezuba retatu kuti vadzivise vadzidzi vake kuuba mutumbi uye vachiti akanga amuka. Pirato akavapa murindi uye akavaudza kuti vagadzire guva iri richengeteke sezvavaigona. Guva rakanamwa uye murindi akaiswapo.

Mangwanani-ngwanani pazuva rechitatu, boka revakadzi rakauya nezvinon-huwira kuti vazozora mutumbi wāJesu. Vakadzi vasati vasvika ngirozi yakauya ika-kungurutsa ibwe. Varwi vakatya kwazvo zvokuti vakaita sevakafa, uye Jesu akabuda ari muguva ari mweya. Pashure penguva pfupi Jesu akazviratidza kuna Mariya Magadharini uye akazozviratidza kune vamwe vakadzi. Pane imwe nguva masikati akazviratidza kuna Petro uye gare gare zuva racho kuvadzidzi vaviri sezvavaifamba vachienda kuguta raiva pedyo reEramausi. Manheru ezuva rorumuko Jesu akazviratidza kuvaapostora vose kunze kwaTomasi. Mushure mevhiki imwe chete akazviratidza kwavari vose, kusanganisira Tomasi. Pane zvimwe zvakaonekwa gare gare. Ndaza isina kukwana yezvitarisiko inopiwa muchitsauko chegumi neshanu chaVaKorinte Wokutanga.

## **Tsanangudzo Dzevasingatendi**

Avo vasingatendi kuti Jesu akamutswa vanopa tsananguro dzakasiyana dzekuti vadzidzi vakatenda sei kuti akamutswa. Vashoma vakataura kuti Jesu haana kufa asi akamutsidzirwa muguva. Asi Jesu akanga arohwa zvakaipisia uye akarovererwa pamuchinjikwa kwaakaturikwa kweanenge maawa matanhatu. Ipapo Akagamuchira ronda repfumo parutivi uye haana kuratidza chiratidzo chehupenyu. Hazvina musoro kufunga kuti Angadai akamutsiridza. Angadai akabvisa dombo rairema zvokuti boka rose revakadzi rakaziva kuti vaisagona kuribvisa pasina rubatsiro. Kunyangwe dai Aikwanisa kuunganidza simba rakadaro Angadai achine dambudziko rekupfuura nepamurindi. Angadai akazviratidza kuvadzidzi vake musimba rakadaro uye nesimba, kunyangwe mushure mezvose zvaAnge asangana nazvo, sekuvaudza kuti akange amutswa nesimba pamusoro perufu.

Vamwe vanoti vadzidzi vaJesu vakaba mutumbi wake kubva muguva uye vakadanidzira kuti akanga amuka. Dombo, chisimbiso, uye murindi zvakanga zviri

nokuda kwechinangwa chaicho chokudzivisa izvozvo. Kunyangwe dai vaive vakwana-isa kukunda zvipingaidzo izvi uye kuba Muviri wake vangadai vakaziva kuti haana kumuka. Zvino ushingi hwavo hwaizonzi hwakaita sei ivo vachitya zvokuti vakanga vazvivanza nokuda kwokutya vaya vakauraya Jesu? Mushure mokunge vaona Jesu ari mupenyu, vakava naye kwamazuva makumi mana, uye Mweya Mutsvene ndokuburukira pamusoro pavo, havana kuzeza kumira pamberi pevatongi chaivo vavakanga vachitya uye vakapupura noushingi kuti Jesu akanga ari mupenyu. Vakatsungirira pachitambudzo chakakomba kwopenyu hwavo hwose nokuda kwokuparidza rumuko rwajesu. Havaigona kutsungirira mukutambudza kwakadaro nokuda kwechimwe chinhu chavaiziva kuti chakanga chisiri chechokwadi.

Kutenda mukumuka kwaJesu hakugoni kutsanangurwa nekufungidzira kuti vadzidzi vakashandura nyaya yacho. dai vakanga vaita izvozvo, hapana angadai akaona Jesu ari mupenyu, uye nyaya yose yokumuona ingadai iri yenhemba. Pakadaro zvaisaita kuti tibudirire kuita chitsotsi chakadaro vanhu vakawanda vachinyepera kuti vakamuona. Vanhu vanoverengeka vangabvuma kusimudzira nhema kana vaiva netsika dzakaderera uye vakamira kuti vawane kubatsirwa nazvo. Asi zvakanga zvakasiyana chaizvo nevaapostora. Pasina kupokana vaapositori vakatenda kuti Jesu akamuka.

Vamwe vanofunga kuti vaapostora vaifunga kuti vaona Jesu asi vakarasika. Mutumbi wakanga uchiri muguva ungadai wakadzivisa kukanganisa ikoko. Nhoroondo yeBhaibheri yezviitiko zvacho inoratidza kusabvira kwokuva kwavo vakarasika nenzi-ira yokutendeseka pamusoro pokumuona Iye. Marcus Dods akanyatsoratidza kusapusa kwekfungidzira kwakadaro:

Pfungwa iyi, naizvozvo, yokuti vadzidzi vakanga vakagadzirira kutenda murumuko uye vaishuva kuidavira, uye izvo zvavaida kuona vaiona vachifunga kuti vaizviona, zvinofanira kurega ... chimiro chepfungwa chinopokana chose nerondedzero. Saka kure nekuva netariro, vakasuwa uye vakasuwa... vakafunga zvose zvapera, Vakadzi vakaenda nezvinonhuwira zvavo kunozodza vakafa zvechokwadi vakanga vasingatarisiri kuwana Ishe wavo amuka. Varume vavakazivisa kwavari zvavakanga vaona vakanga vasina chokwadi: vamwe vavo vakaseka vakadzi, uye vakadana mushumo wavo “ngano dzisina maturo,” uye vaisada kutenda .... Tomasi, nekusavimbika kwakasimba, anokahadzika nokusatenda pashoko remunhu, uye kunze kwekunge aona Ishe nemeso ake uye achibvumidzwa kuyedza chokwadi chechimiro nekubata zvakare, haaizove nechokwadi .... Muchidimbu, pakanga pasina munhu mumwe zvake uyo Ishe wedu akazviratidza kwaari akasave nekushamisika... Tinomanikidzwa, naizvozvo, kuramba pfungwa yokuti vadzidzi vokutanga vaidavira rumuko noku-ti vaida kudaro uye vakanga vakagadzirira kuita saizvozvo.<sup>2</sup>

<sup>2</sup> Marcus Dods, *The Frst Epistle to the Cortrthians*, a volume in *The Expositor's Bible*, edttor: W. R Nicoll [New York: A. C. Armstrong & Son, 1889), mapeji 349-350.

## **Chechi nekumuka kuvakafa kwajesu**

Chikonzero chimwe chakasimba chokudavira kuti Jesu akamuka ichokwadi chokuti kereke yakaerekana yavapo, zviuru zvitatu zvakasimba pazuva rimwe, uye yakaramba ichienderera mberi mukukura nemuuvandu.

Vaapostora, kubva mukukundwa zvachose, kutya, uye kusava netariro. kamwe kamwe vakava nokutenda kwakavagonesa kudzivisa chishoro chose chaibva kuna avo vakanga vava kutya. Chipupuriro chavo chezvavakanga vaona chakanga chingombedzera kwazvo zvokuti zviuru zvakapwiswa pasina kutya, zvakagamuchira Jesu “saIshe naKristu,” uye chechi yakanga iripo ine simba isingatyi. Vaiziva kuti Jesu akanga ari mupenyu kubva kuvakafa. Izvozvo chete zvinogona kutsanangura chiitiko chakadaro. Jesu aiva munhu chaiyeiye uye aripo sei kuvaapostora ivavo nevaKristu vokutanga! Vakanga vasingatyi pamberi pevapomeri vavo, nekuti vaiziva kuti panyika pano hakuna chinhu, uye hapana chingaitika kwavari; aigona kukunda chinangwa cheMuponesi Anorarama! Vakanga vari mukurarama pamwe chete naKristu mupenyu! Tinotenda muMuponesi mumwe chete, nokuti nesuwo tinotenda kuti akabuda ari mupenyu kubva muguva. Tinogona kurarama murufaro rweruwadzano Rwake uye netariro yekugoverana kubwinya Kwake.

## **MAGWARO**

### **Mubindu**

Mateu 26:36-56; Mako 14:32-52; Ruka 22:39-53; Johani 18:1-12.

### **Kutongwa uye Kurovererwa**

Mateu 26:57 kusvika 27:66; Mako 14:53 kusvika 15:47; Ruka 22:54 kusvika 23:56; Johani. 18:12 kusvika 19:42.

### **Kubva paKumuka Kuvakafa kusvika paKukwira Kudenga**

Mateo 28:1-20; Mako 16:1-20; Ruka. 23:56 kusvika 24:52; Johani 20:1 kusvika 21:25.

## **Chidzidzo Chechishanu Mwari Akatipa Bhaibheri Kukamukana kweBhaibheri**

Bhaibheri rakakamurwa kuita zvikamu zviviri, Testamente Yekare neTestamente Itsva. Mune zvikamu makumi matatu nepfumbamwe kana kuti mabhuku muTestamente Yekare uye makumi maviri nenomwe muTestamente Itsva.

Testamente Yekare ine mutemo waMosesi nezvimwe zvinyorwa zvakanangidzirwa kuvanhu veIsraeri. Mutemo waMosesi waiva mutemo wechisungo chakaitwa

naMwari neIsraeri payakabudiswa kubva muuranda muEgipita vachitungamirirwa naMosesi. Sungano iyoyo yaifanira kushanda kusvikira sungano itsva, sungano yaKristu, yava kushanda. Magwaro eTestamente Itsva magwaro echisungo chitsva uye anoratidza kuda kwaMwari kune vose vanotenda Kristu.

Testamente Yekare yakanyorwa nevaporofita vaifemerwa neMweya waMwari: “Nokuti chiporofita hachina kuuya nokuda kwomunhu, asi vanhu vatsvene vaMwari vanotaura vachisundwa noMweya Mutsvene” (1 Petro 1:21). Asi Mwari vakutaura kватiri zvino kubudikidza neMwanakomana wake Jesu Kristu: “Mwari, wakataura kare kunamadzibaba muvaporofita nemigove mizhinji, vuye nemitovo mizhinji, zvino pakupedzisira kwamazuva ano wakataura kватiri muMwanakomana wake, waakaita mudyi wenhaka yezvinhu zvose, waakaita vo naye nyika” (VaHebheru 1:1-2).

Tinoda ruzivo rweTestamente Yekare kuti tinzwisise zvimwe zvinhu muTestamente Itsva, asi kuTestamente Itsva ndiko kwatinofanira kuenda kunodzidza nzira yeruponeso uye kuda kwaMwari kuMukristu.

### **Chokwadi Chinobva Kuna Jesu**

Jesu akauya panyika seShoko raMwari (Johani 1:1-14). Naizvozvo dzidziso yose yaJesu idzidziso yaMwari. Jesu akati, “Ndini nzira, nezvokwadi, novupenyu; hapana munhu unovuya kuna Baba, asi nokwandiri” (Johani 14:6). “Zvino Jesu wakati kuva-Judha avo, vakanga vamutenda: Kana imi muchigara mushoko rangu, muri vadzidi-zzi vangu zvirokwazvo, Muchaziva zvokwadi, nezvokwadi ichakusunungurai” (Johani 8:31-32). Zvakare, Iye akati, “Mashoko andakataura kwamuri, ndiwo mwuya novupenyu” (Johane 6:63). Iye akati: Munhu anofanira kuziva chokwadi chakapiwa naJesu kuti asunungurwe kubva kuchivi uye ave nehupenyu hwemweya, asi, sekuziva kwedu. Haana kusiya zvinyorwa. Ko gadziriro yaAkaita yokupa dzidziso Dzake kunyika? Chokwadi Chake Chakapiwa

### **Kuburikidza Nevaappositori Vake**

Jesu paakabva panyika akasiya basa rekudzidzisa chokwadi chake mumaoko evadzidzi vake. Akatuma vaappositori vake kuti vazivise dzidziso yake munyika yose: “Ipapo Jesu wakasvika akataura kwavari, akati, Ndakapiwa simba rose kudenga na-panyika. Endai naizvozvo mudzidzise marudzi ose, muvabhabhatidze muzita raBa-ba nero Mwanakomana neroMwuya Mutsvene. Muvaldzidzise kuchengeta zvose zvandakakurairai imi. Tarirai ndinemni mazuva ose, kusvikira pakuguma kwenyika. Ameni” (Mateo 28:18-20). Basa iri harina kuganhurirwa kuvaapostora Vake noku-ti akanga avimbisa kuva navo mukuritakura kunze kusvikira pakuguma kwenyika. Naizvozvo kuparidzwa kwevhangeri raKristu kwakaenderera mberi mushure mekufa

kwevaapostora uye kuchaenderera mberi kusvika pakuguma kwenyika.

### **Simba reMweya Mutsvene**

Apa kuomerwa kungaita sekuoneka. Vaapostora, vaitungamirirwa nokusakwana kwevanhu, vaigona sei kudzidzisa zvavakanga vanzwa kuna Jesu vasingakanaganisi? Mwari aisagona kubvumira zvikanganiso mukupa chokwadi chiri chindikanwa kuti vanhu vasunungurwe pachivi. Icho chaionekwa sechimhingamupinyi chake chakanga chisiri chipingamupinyi, nokuti Mwari akavapa simba rinokosha neMweya Mutsvene. Chipikirwa chake chakapiwa muaya mashoko aJesu, “Asi Munyaradzi, Mweya Mutsvene, uchatumwa naBaba muzita rangu, iye uchakudzidzisai zvose, nokukuyevudzirai zvose, zvandakareva kwamuri” (Johani 14:26). Mweya waizovapawo chokwadi icho Jesu asina kuvadzidzisa paakanga ari munyama. Tarisa, Johani 14:15-17; 16:12-15; Mabasa 1:8.

Jesu paakanga agadzirira kukwira kudenga akaudza vaapostora vake kuti varin-dire muJerusarema kusvikira Mweya wauya pamusoro pavo (Ruka 24:49; Mabasa 1:4-8). Muchitsauko chechipiri chaMabasa tinoverenga nezveMweya uchiuya pamusoro pavo. Ipapo vakatanga kutaura sokutura kwavakanga vapiwa noMweya.” (Mabasa 2:1-4). Kubva pane izvozvo vakadzidzisa nesimba iroro.” Naizvozvo kudzidzisa kwavo kwakanga kuri shoko raMwari sezvakanga zvakaita dzidziso yaJesu paakanga achiri panyama navo. Zvirokwazvo akanga ari Jesu aiita dzidziso kuburikidza navo. Mukuvimbisa Mweya akanga ati, “...achatora pane zvangu, agokuratidzai (Johane 16:15). Zvinokurudzirwa kuti zvitsauko zvose 14, 15, uye 16 zvaJohani zviverengwe maererano neizvi.

### **Magwaro eTestamente Itsva**

Simba rakapiwa neMweya kudzidzisa nekufemerwa kwehumwari rainzi chipo chekuporofita, uye vakanga vane chipo ichi vakanga vari vaprofita. Basa rekuzivisa vhangeri munyika yose rakanga rakapihwva vaapositori voga. Naizvozvo vamwe vakapiwa chirevo chechiporofita. Saizvozvo Vakristu “vanowadzana nevatsvene, uye veimba yaMwari; makavakwa pamusoro penheyoy dzavaapostora navaporofita, Jesu Kristu amene ari mbiru yepakona.”(VaEfeso 2:19-20).

### **Dzidziso Yakasimbiswa Sei**

Mubvunzo unotevera unomuka ndewokuti, “Vanhу vaizoziva sei kuti dzidziso yevaapostora nevaprofita yakabva kuna Mwari uye kwete mupfungwa dzevakurukuri vamene? Umbowo vakadaro hwaikwanisa kungopihwa naMwari, uye yaiva mhando yehumbowo uyo vanhu vaisagona kutevedzera nesimba ravo vamene. Vanhu vaive

nechokwadi chekuti dzidziso yaJesu yaive yechokwadi nezvishamiso zvaakaita. Aka-ti, “.. . mabassa andinoita muzita raBaba vangu, ndiwo anopupura nezvangu.” (Johani 10:25) Nikodhimo akauya kuna Jesu uye akasuruvara achiti: “Rabhi, tinoziva kuti muri mudzidzisi akabva kuna Mwari, nokuti hapana munhu anogona kuita izvi, zvishamiso zvamunoita, kana Mwari asinaye” (Johane 3:2).

Dzidziso yaJesu kupfurikidza navaapostora navaporofita yakazadzwawo nezviratidzo zvinoshamisa. Mweya mumwe chete wakavapa simba rokudzidzisa waka-vapawo simba rokuenderera mberi nokudzidzisa. Muna vaHebheru 2:3-4 tinoona zano raMwari reku tipa shoko rake: “Ko isu tichapukunyuka sei, kana tisinehanya nokuponeswa kukuru kwakadai? Uku kwakaparidzwa pakutanga naShe, kukasim-biswa kwatiri naivo vakanzwa; naiye Mwari vo achipupurirana navo nezviratidzo nezvinoshamisa, namabasa esimba mazhinji, nezvipo zvoMweya Mutsvene, nokuda kwake.

Pane imwe nguva, Petro naJohani pavakanga varayirwa nevakuru vevaJudha kuti varege kudzidzisazve muzita raJesu, boka revadzidzi rakaita munamato. Vakati: “Zvino, Ishe, tarirai kunyevera kwavo, mubatsire varanda venyu kuti vataure shoko renyu varingatongotyi, Mutambanudze ruvoko rwenyu kuzoporesa; neziratidzo nezvishamiso zviitwe nezita raJesu muranda wenyu mutsvene” (Mabasa 4:29-30). Izvi zvinoratidza kuti zviratidzo zvaifambirana nokudzidzisa souchapupu hwaMwari hwokuti dzidziso yacho yaibva Kwaari.

### **Chidzidzo Chechitanhatu Kukwana kweMagwaro**

Pangadai pasina nzira yekuti munhu azive zvinhu zvaMwari dai asina kuzvizivi-sa. Pasinei nokuti munhu akachenjera sei, haakwanisi, nouchenjeri hwake pachake uye kudzidza, tsvaga uye uwane chokwadi chakakwana chaMwari pasina chizaruro chaMwari, uye magwaro matsvene ndiwo chete hwaro yezvakazarurwa izvo Kristu akapa chakazarurwa ichi nefemero yeMweya kuburikidza nevaapositori Vake nevam-we vaporofita. Pauro anotsanangura muitiro uyu, achishandisa muenzanisiro woku-sakwanisa kuziva zviri mundangariro yomumwe kutoti mumwe azvizivisa: “Nokuti munhu anoziva zvinhu zvomunhu, asi mweya womunhu uri mukati mawo. Saizvozvo hakuna munhu unoziva zvinhu zvaMwari, asi Mweya waMwari.” Zvino isu hatina kugamuchira mweya wenyika, asi Mweya unobva kuna Mwari, kuti tizive izvo zvatankopiwa pachena. zvaMwari, zvatinotaurawo, tisingatauri namashoko anodzid-ziswa nouchenjeri hwavanhu, asi anodzidziswa noMweya Mutsvene, tichienzanisa zvinhu zvomweya nomweya” (1 VaKorinte 2:11-13). Imwe shanduro yechikamu chekupedzisira chevhesi yegumi nenhatu inopiwa mumucheto weRSV sezvinotevera:

kududzira chokwadi chemweya mumutauro wemweya. Havana kusiirwa kungwara kwavo vamene mukupa zvokwadi yaMwari.

### **Mutungamiri Wedu**

Bhaibheri harisingori hwaro rekuda kwaMwari kватiri bedzi; asi ndiro tsime. Hatikwanise kudzidza nezvenyasha dzaMwari dzinoponesa nebara redu kwaAri kунze kwemumagwaro matsvene. Pane kudikanwa kukuru kwokuti idi iri rizadzike, nokuti vanhu vanotsamira pazvimwe zvinhu panzvimbo peBhaibheri, kana kuti mukuwedzera kuBhaibheri. Zvimwe zvinotsamira pazvisungo zvekanzuru, masinodhi, kana mamwe matare anodzora. Vamwe vanovimba “neinzwi romukati” ravanorangarira kuva chizaruro chakananga chaMwari. Chokwadi, pane mukana mukuru wekuti “izwi remukati” rinozopedzisira ravaudza zvavanoda kunzwa. Bhaibheri rakapiwa naMwari kuti atidzivirire pakuzvinyengera kwakadaro. Vakawanda havabvunzi zvinodzidziswa neBhaibheri asi vanongobvunza chete zvinodzidziswa neboka rechitendero chavo, vachifunga kuti izvozvo zvinodzidzisa chokwadi. Tinotenda kuti Mwari vakawana shoko ravo rechokwadi mumagwaro. Ngatishandisei chinangwa chaaida. Magwaro akakwana kutitungamirira mukutenda kwedu kwese kwechitendero nemaitiro.

### **Chinangwa cheMagwaro**

Ndima inotevera inoratidza chinangwa chemagwaro akafuridzirwa: “Rugwaro rwose rwakafuridzirwa naMwari, runobatsira pakudzidzisa, nokuraira, nokururamisa, nokuranga kuri mukururama, kuti munhu waMwari ave wakawana, agadzirirwa kwazvo mabasa ose akanaka” (2 Timotio 3:16-17). Kubva pane izvi tinogona kuona kuti hapana imwe pfungwa yedzidziso kana murairo muchitendero chatinoda icho chisina kupihwa kana kubvumidzwa nemagwaro. Ngative nekutenda muna Mwari kuti titende kuti magwaro aakapa akakwana kushanda chinangwa chaakapihwa. Ngatibvumei simba raMwari kwete “simba riri pavanhu.” kana tikabvuma kutevera magwaro bedzi, ndeipi nzvimbo ingavepo netsanga kana dzidziso dzevanhu? Kugashira magwaro segwaro rega uye rakakwana musimboti mukuru uye dziviriro kubva pazvikanganiso zvingamuka.

### **Chidzidzo cheChinomwe Simba muChikristu Kukosha Kwechiremera**

Nyaya yechiremera yakatangwa muchidzidzo chechitanhatu uye inoenderera mberi muchidzidzo chino. Chiremera chinotsanangurwa se, “Simba remutemo kana

kodzero yekugadzira, kuraira kana kuita.” Muzvinhu zvoze zvoupenyu, kusanganisira chitendero, chiremera chinodiwa. Zvitendero zvoze zvinobvuma chiremera, asi hazvisi zvoze zvinobvuma chiremera chimwe chete.

MuChikristu munongova nechiremera chimwe chete chine kodzero. Vose vanozviti Vakristu vanoona Bhaibheri sechiremera, asi vazhinji vanogamuchira chimwe chiremera zvakare, Vamwe vanotenda kuti chechi ine simba rekupa dzidziso mukuwedzera kune dzidziso yeBhaibheri. Vamwe vanodavira kuti rimwe bhuku ravanti rezvizarurwa rine chiremera chinoenderana pamwe neBhaibheri. “Zvizarurwa” zvakadaro hazvina chiremera MuChikristu, uye hazvisi zvitendwa kana zvimwe zvi nyorwa zvevanhu.

### **Magwaro Akakwana**

Nei tichida chiremera mukuwedzera kuBhaibheri? Sezvakaratidzwa muchidzidzo chekupedzisira, Mwari akapa magwaro kuti atishongedze zvakakwana kuita basa rose rakanaka (2 Timotio 3:16-17). Naizvozvo chero basa ripi zvaro risina kupihwa nemagwaro haringave basa rakanaka. Kutenda muuchenjeri nesimba raMwari kunoita kuti tidavire kuti magwaro aakapa anogona kuzadzisa chinangwa chaakavapa.

### **Chiremera Chakakodzera ChechiKristu Chiri Muna Kristu**

Mwari, Baba, vane simba guru, uye vakapa simba rose kuMwanakomana wavo Jesu Kristu (Mateo 28:18). Jesu, akapa simba kuvaapostora Vake kuti vadzidzise chokwadi chaMwari icho vatadzi vanosunungurwa nacho. Jesu akavatungamirira mukudzidzisa kwavo noMweya Mutsvene, achisimbisa mashoko avo nezviratidzo. Vaapostora nevaporofita vakapa dzidziso yehumwari iyi kuti ititungamirire mukutenda uye nekuita. Vakakupa dzidziso muchimiro chechigarire mumagwaro eTestamente Itsva.

Hapana anogona kusimudzira basa raMwari. Mubhuku raZvakazarurwa, bhuku rokupedzisira muBhaibheri, mune yambiro iyi, “Ndinopupurira mumwe nomume unonzwa mashoko okuporofita kwebhuku iyi, ndichiti: Kana munhu akawedzera pazvinhu izvi, Mwari uchawedzera kwaari madambudziko akanyorwa mubhuku iyi; kana munhu akabvisa mashoko ebhuku yokuporofita uku, Mwari uchabvisa mugove wake pabhuku yovupenyu, nomuguta dzvene, napazvinhu zvakanyorwa mubhuku iri” (Zvakazarurwa 22:18-19). Kudziya uku kunowanikwa pano maererano nebhuku raZvakazarurwa. asi ndinokwanisa kupihwa nemazvo maererano nechero chikamu cheshoko raMwari. asi vasingarangariri chinhu chipi nechipi chinorwirwa navanhu vasina mweya,

## **Mirairo yaVanhу**

Kuwedzera kushoko raMwari haisi tsika itsva. Vakuru vevaJudha vakawedzera zvinodikanwa zvakawanda kumutemo waMwari. Muchitsauko chegumi neshanu chaMateo tinodzidza kuti Jesu haana kugamuchira wedzero idzodzo. Iye akataura mashoko aIsaya mukurwisana navantu vomunguva yake aishandawo kunaavo vomunguva yaJesu: “Imi vanyengeri Isaya wakaporofita kwazvo pamusoro penyu achiti, vanhu ava vanondikudza nemiromo yavo asi moyo yavo iri kure neni. Asi vanondinamata pasina, vachidzidzisa dzidziso iri mirairo yavantu” (Mateo 15:7-9). Izvi zvino-fanira kukwana kutiyambira kuti tisatevere dzidziso dzevanhu.

Bhaibheri ishoko chairo raMwari uye nderechokwadi. Harichinji, uye dzidziso dzayo hadzipokanidze. Dai zvitendwa ztevanhu zvaingodzidzisa zvinodzidziswa neBhaibheri vese vaizodzidzisa zvinhu zvakafanana pasina kupokana. Ndizvo here? Aiwa, muchinhu chimwe kana kupfuura zvitendwa zvose zvinosiyana, uye dzimwe nguva zvinochinjirwa kune kuchinja kwemaonero evantu. Izvi zvinoratidza kuti zvinotendwa nevantu zvinosiyana nezviri muBhaibheri.

Jesu aisazoisa panjodzi kunyange vaapostora vake kuti vadzidzise chokwadi Chake nehuchenjeri hwavo, asi akavarayira kuti varindire muJerusarema kusvikira Mweya Mutsvene auya kuzovatungamira. Sei varume nhasi, nouchenjeri hwavo vamente, varikugadzirira vanhu dzidziso muzvitendero? Tine mashoko eMweya waMwari, dzidziso yakakwana. Ngatitevere dzidziso iyoyo nokutenda.

## **Kushandura Vhangeri Chivi**

Vhangeri rinopihwa mumagwaro eTestamente Itsva, asi vanhu vanopokana kunyangwe pane mamwe mazwi eevhangeri. Pauro akapa nyevero yakakomba zvikuva pamusoro paikoku: “Asi kunyange isu, kana mutumwa unobva kudenga, akak-uparidzirai imwe Evhangeri, inopesana neyatinkuparidzirai isu, ngaave wakatukwa. Sezvatakamboreva, zvino ndinoreva zve saizvozvo: Kana kunomunhu unokuparidzirai imwe Evhangeri, inopesana naiyo yamakagamuchira, ngaave wakatukwa.” (VaGaratia 1:8-9). Mwari vakatipa vhangeri, mashoko akanaka, pamusoro paKristu neruponeso uye kuti ruponeso urwu rwunogamuchirwa sei. Tinofanira kungwarira zvakadii kusaisa parutivi kana kuti kushandura chikamu chipi nechipi chayo.

## **Dambudziko reKusakwana Kwevanhu**

Tose tinekusaziva kwakana sovanhu. Hatina uchenjeri hwakakwana, mukunzwisia, rudo kana chimwe chinhu. Asi zvatiri munyika ino tine mukana vokukura mukutenda, murudo, uye mukuziva kuda kwaMwari. Izvi zvinogona kuita kuti vamente vafunge kuti tinoda dudziro yepamutemo yemagwaro nemuturikiri vatinfunga

kutu anemvumo zvakaita senge masinodhi kana makurumota. Asi kusaziva kwevanhu vese ndicho chikonzero chatisingafaniri kugamuchira muturikiri akadaro. Muturikiri akadaro angava munhu mumwechete kana vazhinji, haana ruzivo, sezvinongoita vanhu vese. Kutevera dudziro dzavo kana dzidziso kunenge kuri kutevera vanhu pachinzvimbo chaIshe. Ikoko kunenge kuri kutevera chiremera chisina kururama, kunyange apo kududzira kwavo kwakaita sokunge kwakarurama.

Izvi hazvirevi kuti vadzidzi veBhaibheri havagoni kubatsira vamwe kurinzwissa, asi shoko ravo harifaniri kugamuchirwa sechiremera. Vanofanira kutungamirira vanhu kuBhaibheri kuti vavabatsire kurinzwisia, asi zvatinotenda zvinofanira kuva mugumisiro wokunzwisia kwedu zvatinowana muBhaibheri pachedu.

Kana tikabvuma imwe dzidziso seine chiremera tinobvuma chero kusakwana kwaingava nako. Chikonzero chatinogona kugamuchira shoko raMwari sechiremera ndechokuti rakabva kuna Mwari uye naizvozvo harina kana kusakwana. Zvakarurama kutevera Mwari, uye Jesu akataura zvakasimba kuti zvakaipa kutevera vanhu. Kana tikagamuchira shoko raMwari semasimba arakaitwa mumagwaro, tichitsvaka kuziva zvose zvatinogona nezvekuda Kwake uye tichiitevera nemwoyo yedu yose, tichiirega ichiruramisa nokutitungamirira muzvinhu zvose, ticharamba tichikanganisa, asi tichave tichigamuchira chiremera chakanaka kutenda kwedu kuchaiswa zvakakodzera. Tichada kuregererwa munzira yose, uye Mwari wenyasha dzose achatipa nokuti kutenda kwedu kuri maari.

Mwari haana kupa shoko rake kune vashoma vakasarudzwa vanokwanisa kunzwisia zvakakwana, asi vakaripa kune avo vanoda kumutevera. Nokudaro tinozokwanisa kunzwisia zvatinofanira kuziva kuti tiregererwe zvitadzo zvedu uye tirarame sezvinodiwa naMwari.

## **Chidzidzo Chesere Kupfava muChikristu**

Muzvidzidzo zvakapfuura zvakaratidza kuti Mwari akazivisa kuda Kwake kwaitiri muBhaibheri, uye kuti hazvina kunaka kutevera chero chiremera mukutenda nekuita zvechitendero. Kana munhu akatsunga kugamuchira Bhaibheri sechiremera chake bedzi achaona basa rake nenzira yakajeka uye opukunyuka kuvhiringidzika kwedzidziso dzakawanda dzinopokana neBhaibheri.

### **Bhaibheri Harinzwisisiviki Here?**

Vazhinji vakagumisa kuti Bhaibheri rakanyanya kukura rinonetsa kuti varinzwisise. Izvi zvakavaita kuti vasaita hanya yokutevera Mwari kana kuti kuisa chivimbo chavo

mune mumwe munhu kana kuti boka ravanhu rokuvaudza zvokukuita.

Ichokwadi kuti muBhaibheri mune zvinhu zvirimo zvakaoma kunzwisia, uye kuti zvichida hapana anonzwisia zvoze zviri muBhaibheri. Zvisinei, hazvirevi kuti zvinhu zvatinofanira kunzwisia kuti tiponeswe pachivi uye tishumire Mwari zvakao-ma kunzwisia.

Chakavanzika chinhu chisingagoni kunzwisia neruzivo rwuripo. Hazvirevi hazvo kuti chimwe chinhu chisingagoni kuzivikanwa neruzivo rwakawedzerwa. Pane zvinhu zvakawanda muTestamente Yekare zvaive zvakavanzika kuwanhu vakarara-ma Kristu asati avapo asi zvino zvava kunzwisia muchiedza cheTestamente Itsva. Kuburikidza nevaporofita vemuTestamente Yekare, Mwari akafanaura basa Rake muna Kristu roruponeso, asi vaprofita havana kunzwisia kuti raizoizozadzisa sei. Kunyange ngirozi dzaida kuona muzvinhu izvozvo (1 Petro 1:10-12).

MuTestamente Itsva tinoverenga nezve, “chakavanzika chekuda kwake,” “chaka-vanzika chaKristu,” “chakavanzika chevhangeri,” uye “chakavanzika chokutenda.” Basa raMwari muna Kristu rakanga riri rakavanzika. Kugamuchirwa kwevaHedhe-ni mumhuri yaMwari chaive chakavanzika. Zvinhu izvi hazvichisiri zvakavanzika. Pauro akati, “...nezkazarurwa wakandizivila chakavanzika; (sezvandanyora kare namashoko mashoma,pamunoverenga, kuti vanzwisise ruzivo rwangu muchakavanzika chaKristu) icho mune mamwe mazera chisina kuzivisa kuwanakomana vevan-hu, sezhachakaratidza zvino kuvaapostora vake vatsvene nevaporofita kubudikidza neMweya.” (VaEfeso 3:3-5). Kudzidza zvizere nyaya iyi, tapota verenga magwaro anotevera nemamiriro awo muzvinyorwa zvavo: 1 Vakorinte 2:6-13; VaEfeso 1:9-10; 3:1-10:6:18-20; VaKorose 4:2-3; I Timotio 3:9.

Pachine zvinhu zvatasinganzwisisi. Somuenzaniso, hatinzwisisi kuti Jesu akan-ga ari zvoze zviri zviviri munhu uye noumwari sei, asi tinodavira kuti akanga Ari. Aive mutsvene nekuti aive azvarwa neMweya waMwari (Ruka 1:35). Aive munhu nekuti akaberekwa naamai venyama, asi izvi zvingave sei chakavanzika. Hatigoni kuziva zvakawanda pamusoro pazvo kupfuura izvo Mwari akazivisa. Ndizvo chete zvatinofanira kuziva. Iyi nheyo yagara iri yechokwadi. Mosesi akaudza vaIsraeri kuti: “Zvinhu zvakavanzwa ndezvaJehovha Mwari wedu; asi zvinhu zvakaratidza pache-na ndezvedu, isu navana vedu nokusingaperi, kuti tiite mashoko ose omurayiro uyu” (Deteronomio 29:29).

### **Zvinodiwa naMwari Zviri pachena**

Chinhu chinokosha chokuyeuka ndechokuti zvakavanzika zviri muBhaibheri, zvikurukuru, zvine chokuita nokushanda kwaMwari. Hatingatarisiri kunzwisia zvese nezvehunhu hwake nekushanda Kwake, asi zvese zvinotaurwa neBhaibheri pamu-

soro pezvaanoda kwatiri zvinonzwisiswa zviri nyore. Pasina panikiro, chakanga chiri chakavanzika chikuru kuna Noa pamusoro pokuti Mwari aizounza sei mafashamo emvura panyika, asi akatenda izvo Mwari akataura pamusoro pawo uye akanzwisisa izvo Mwari akamuudza kuti aite. Kutenda kwake kwakanga kwakasimba zvokuita kuti ateerere, uye iye nevaya vaiva navo vakaponeswa. Zvimwe chetezvo ndezve-chokwadi maererano nokutenda kwedu nokuteerera kuti tiwane nyasha nezvikombo-rero zvaMwari.

### **Nokuti “Ani naani Anoda”**

Muchidzidzo chekutanga chenhevedzano iyi takaona kuti munhu anofanira kuva neruzivo rwaIshe kuti aponeswe (Isaya 53:11; 2 Petro 2:20; 2 VaTesaronika 1:7-9). Takaona zvakare kuti Kristu akafira vose vanozomugamuchira. Naizvozvo chokwadi chinokosha chinogona kunzwisiswa nesu takamugamuchira.

Ruponeso rwaJehovah underwe “ani naani anoda” nokuti kukoka kwake kune vose: “Vuyai kwandiri imi mose makaneta makaremerwa. Ini ndichakuzorodzai. Muise joko rangu pamusoro penyu, mudzidze kwandiri nokuti ndiri munyoro. Ndi-nomoyo unozvininipisa kuti muwane zororo pamweya yenyu. Nokuti joko rangu rakanaka, nomutoro wangu unoreruka” (Mateo 11:28-30). Mashoko okupedzisira eBhaibheri anopa kokero yenyika yose: “Mweya nomwenga vanoti: Vuya! Naiye unonzwa ngaati: Vuya! Unenyota ngaavuye. Unoda ngaatore mvura yovupenyu asingatengi” (Zvakazarurwa 22:17).

Mwari haadi kuti munhu arasike. Asi anoda kuti vose vasvike pakuziva chokwadi uye vatendeuke kuti varege kurasika: “.. Mwari Muponesi wedu, uyo achaponesa vanhu vose, nokusvika pakuziva zvokwadi.” (1 Timotio 2:3-4). “Ishe haanonoki kuita sezvaakapikira, sezinoreva vamwe vachiti: Hunonoka; asi unomoyo murefu kwati-ri, nokuti haadi kuti vamwe varashike, asi kuti vose vasvike pakutendevuka” (2 Pet-ro 3:9). Chishuvo chaMwari chokuponeswa kwomunhu vose uye chipikirwa Chake chokuponesa vose vanouya kwaari ndeimwe yedzidziso dzinosimbisa mweya zvikuru-sa dziri muBhaibheri.

Chokwadi ichi chinotisvitsa kumugumo wakadii? Sezvo tichifanira kuva nezi-vo yaMwari kuti tiponeswe, uye ruponeso ruri “rwemunhu wose anoda,” tinofanira kugumisa kuti “ani nani anoda” anogona kunzwisia dzidziso yeBhaibheri yokuti Iye anofanira kuziva shoko kuti aponeswe uye kurarama zvinofadza Mwari.

### **“Mapenzi Haatongokanganisi”**

Achitaura nezvenzira yokururama noruponeso yaizoitwa, Isaya akaidana kuti “nzira youtsvene,” uye akati, “..vafambi, kunyange vari mapenzi, havangarashiki

mairi.” (Isaya 35:8). Kuti “Mapenzi” mundima iyi hazvireve zvatinogaro kureva nezwi. Asi rino reva munhu zvake kana tichimusiyana neakachenjera mumeso enyika. Pauro anorondedzera munhu akadaro, benzi mukuona kwenyika asi akachenjera muuchenjeri hwaMwari (1 VaKorinte 1:18-31).

Dzidziso dziri pachena dzeBhaibheri dzinofanira kuve pakatipedu zvakanyaya kupfuura zvinhu izvo zvinoramba zvakavanzika kватiri. Panguva imwe cheteyo, tino-fanira kudzidza magwaro kuti tizive zvakawanda uye kuti tikure mazviri “pachiyero choukuru hwokuzara kwaKristu” (VaEfeso 4:13).

Tinogona kuvimba naMwari kuti achaita zvoze zvaanovimbisa, pasinei nokuti tinonzwisia sei kana kuti kwete.

### **Chidzidzo Mhepfumbamwe Nzira Mbiri Uye Mafambiro Maviri**

Bhaibheri rinotipa nzira mbiri. Vanopikisana, uye magumo edu ekusingaperi anoenderana nekuti isu tinosarudza kufamba sei.

Jesu anotaura nezvenzira mbiri idzi: “Pindai nesuvo rakamanikana nokuti suvo rakafara nzira yakapamhamha inoenda kukuparadzwa. Vanopinda naro vazhinji. Nokuti suvo rakamanikana nenzira nhete inoenda kuhupenyu, vanoiwana vashoma” (Mateo 7:13-14). Izvi zvinofanira kutifadza nekukosha kwekudzidza nekusarudza nzi-ra inotungamirira kuhupenyu husingaperi.

### **Nzira Dzakatsanangurwa**

Ndedzipi nzira mbiri idzi? Zvinotaurwa zviri nyore, kuti nzira nhete inzira yaMwari uye nzira yakafara inzira yomunhu. Pane nzira zhinji dzinogona kufamba nemunhu munzira yakafara. Imwe nzira ndeyeupenyu hweunzenza, mukuita zvakaipa zvenyama. Asi handiyo chete nzira munzira yakafara. Zvinogoneka kuva nesemutendi mukuru Asi uchifamba munzira yakafara. Vanhu vakawanda vari munyika vanonamata asi vanonamata vanamwari venhema. Vatungamiriri vechitendero vaishora Jesu vainamata Mwari wechokwadi, asi vakanga vari munzira yakafara. Jesu akati kwavari: “Mune nhamo, vanyori nevaFarisi, vanyepedzeri! (Mateo, chitsauko 23).

Zvinotokwanisika kupfeka zita rekuti “Mukristu” asi uri munzira yakafara. Vanyengeri vanogona kuwanikwa pakati paavo vanoti Vakristu, kungofanana nekwakanga kune vanyengeri pakati pavaJudha vomuzuva rajesu. Pauro akanyevera kuti vanhu vaizomuka muChechi vachidzidza zvinhu zvakatsauka (zvinhu zvinope-sana nezvakanaka) uye vachikwevera vadzidzi kuti vavatevere (Mabasa 20:30). Dzidziso dzinorwisana dzakaunza mikaha yakawanda, sezvakafanotaurwa naPauro. Iyo ndiyo imwe nzira. munzira yakafara.

## **Kuvimbika Hakuite Kuti Nzira Yakafara Ive Yakarurama**

Vanyengeri vazhinji vakaperera nekuti vanonyengerwa ivo vamene (2 Timotio 3:13). Kuvimbika hakuiti kuti Nzira Yakashata ive yakarurama. Jesu akati kana munhu akatungamira akatungamirira rimwe bofu vose vachawira mugomba (Mateo 15:14). Sauro weTaso, uyo akava muapostora Pauro, akanga ari mutambudzi waMakristu asati ava Mukristu iye amene, asi akanga ari murudzidziso zvikuru uye wapachokwadi. Kunyanguvezvo, iye zvamazvirokwazvo akanga achienda munzira yakafara uye gare gare akazvidana amene somukuru wavatadzi (Mabasa 23:1; 26:9-10; 1 Timotio 1:12-17). Jesu akanga afanotaura kuti vaya vaizouraya vateveri vake vaizofunga kuti vari kushumira Mwari nokuita kudaro (Johani 16:2).

Nemhaka yokuti Sauro weTaso akanga ari wapachokwadi Jesu akamuratidza ngoni kupfurikidza nokuoneka kwaari ndokumuudza kuti akanga achitambudza Kristu. Ipapo aigona kuisa ruvimbo rwake muna Kristu uye agoponeswa, asi asingatendi akanga ari munzira yakafara uye haana kuregererwa kusvikira atendeukira kuna Kristu.

Bhaibheri rinotiudza kuti nzira ingaita seyakanaka kumunhu asi isina kururama uye inoguma norufu: Kune nzira inoita seyakanaka kumunhu, asi kuguma kwayo inzira dzorufu.” (Zvirevo 14:12) “Kune nzira inoita seyakanaka kumunhu, asi kuguma kwayo inzira dzorufu.” Nzira ipi neipi yomunhu anoti yakarurama pakuona kwake; meso ake amene, asi Jehovha anoyerwa mwoyo.” (Zvirevo 21:2) Naizvozvo nzira dzose mudzidziso dzinoratidzika kuva dzakarurama kune avo vanodzitevera zvapachokwadi, asi Mwari akati kuvanhu valIsraeri, kupfurikidza nomuporofita Isaya, “Nokuti ndangariro dzangu hadzizi ndangariro dzenyu, nenzira dzenyu hadzizi nzira dzangu ndizvo zvinotaura Jehovha. Nokuti denga sezvarakakwirira kupfuura nyika, saizvozvo nzira dzangu dzakakwirira kupfuura nzira dzenyu, nendangariro dzangu kupfuura ndangariro dzenyu” (Isaya 55:8-9). Mumwe muprofita akanyora kuti: “Haiwa, Jehovha, ndinoziva kuti nzira yomunhu haizi yake amene; munhu, unofamba, haagoni kururamisa nhano dzake.” (Jeremia 10:23).

MaJuda akaramba evhangeri yaKristu vaive neshungu dzakasimba kuna Mwari, asi vakanga vakarasika nekuti vaive vasina kutenda muna Kristu nekuda kwechikonzero ichocco vaifanira kuponeswa. Pauro akati: “Hama dzangu, kuda kwomoyo wangu nokukumbira kwangu kunaMwari pamusoro paIsraeri ndiko, kuti vaponeswe. Nokuti ndinovapupurira kuti vanoshingairira Mwari, asi havaiti nokuziva” (VaRoma 10:1-2).

## **Kutsvaga Nzira Nhete**

Maererano nemagwaro ataurwa muchidzidzo chino, vamwe vangati, “Munhu angava nechokwadi sei kuti ari kufamba munzira yakamanikana?” Asi kana munhu achigona kutenda kuti ari kuita izvozvo uye achingoramba ari munzira yakafara, tingava sei nechokwadi?

Sezvatakaona muzvidzidzo zvakapfuura, zvisinei nekuoma kunzwisia zvikamu zveBhaibheri, tingatarisira kuwana chikamu ichocco chinonzwisia zviri nyore chatinofanira kuziva kuti tive vana vaMwari kuti timufadze, kana tikazarura mwoyo yedu kune zvatinowana mushoko rake.

Munhu angangosarudza kuva nhengo yechimwe chitendero nekungobvuma zvinodzidzisa neboka iroro here. Ndiko kutevera Masimba asina kururama. Tino-fanira kuedzai zvose zvatinonza nezvatinoona muBhaibheri. Rangarira kuti kuten-da kunouya nekunzwa shoko raMwari (VaRoma 10:17). Kunyange kana munhu as-ingagoni kuverenga anogona kuita kuti mumwe munhu amuverengere Bhaibheri. Kutenda kwedu kunofanira kuva kwedu pachedu kwete kwemumwewo munhu.

Zvose zvinodzidzisa neShoko raMwari zvinokosha kumunhu muchinangwa chakapiwa. Kana tikaramba tichidzidza chokwadi chaMwari tichawanawo chikom-borero chikuru. Mushure mekunge munhu ava mwana waMwari, kuburikidza neku-teerera kuevhangeri yaKristu, anozoda kudzidza zvese zvaanogona nezvechokwadi chakapihwa naMwari uye nekutevera zvaanodzidza nemoyo wake wese. Ndiyo nzira nhete. nzira yokutenda, nokuregererwa, nokururama, norudo, nokushumira, netar-iro, nokusatenda.

## **Kukamukana kweTestamente Itsva**

Zvinobatsira kuziva zvikamu zvakasiyana zveTestamende Itsva uye chinangwa chinoitwa nechikamu chimwe nechimwe. Mabhuku mana okutanga (Mateo, Marko, Ruka, naJohani) anotaura nezvaJesu paakanga ari panyama. Vanotaura nezvedzidziso dzake, nemabasa ake makuru, rufu rwake, nekumuka kwake. Chinangwa chemabhu-ku aya ndecekutipa ruzivo rwatinoda kuti tiite kuti titende maari seMwanakomana waMwari.

Muchitsauko chekupedzisira cherimwe nerimwe remabhuku matatu okutanga tinoudzwa nezvebasa iro Jesu akapa kuvadzidzi vake kuparidza evhangeri pasi rose. Akavaudza mirairo yavaifanira kupa uye nemaropafadzo avaifanira kupa mukuparid-za vhangeri.

Bhuku reMabasa rinorondedzera zvishoma nezvemabasa evamwe vevadzidzi sezvavaiita basa ravakapiwa naJesu. Mubhuku iroro tinoona kuti vadzidzi vakaparid-za chaizvo zvavakanga vaudzwa naJesu kuti vaparidze. Tinoonawo kuti vanhu vakag-

amuchira sei shoko ravo uye zvavakaita kuti vakanganwirwe uye vave vana vaMwari. Zvamazvirokzwazvo, evhangeri yakangofanana iye zvino, uye vanhu vanova Vakristu nenzira imwe cheteyo yavakava nayo Vakristu panguva iyoyo.

Mamwe mabhuku eTestamente Itsva, kunze kweokupedzisira, itsamba kana tsamba dzakanyorerwa makereke nemunhu mumwe nemumwe nemapostora nemaporofita akafemerwa. vachipa mirairo pamusoro pekuti makereke neMakristu ega ega anofanira kubatira Mwari sei.

Bhuku rokupedzisira (Zvakazarurwa) ishoko raKristu, rakapiwa nomupostora Johani, kukereke nomwe muAsia Minor (mumusha weRoma muAsia). Pane shoko mashomanini akapihwa kune imwe neimwe yechechi nomwe, uye zvihinji mubhuku zvaive inhevedzano yezviono zvakapiwa Johane. Rinotaura nezvezvinhu zvichaitika uye rinopa kurudziro kuVakristu ivavo neVakristu vose vomunguva vaizotevera kuti varambe vakatendeka kuna Kristu, vachivavimbisa kukunda kwokupedzisira muna Kristu pasinei nokushorwa kunotyisa nemasimba ezkakaipa.

### **Chidzidzo cheGumi Nheyo Inoponesa**

Ndeipi musimboti unoponeswa nawo mutadzi? Hapana anogona kuponeswa pamusimboti wekukodzera kwake kana kururama kwake. Mutadzi haagoni kuwana ruponeso. Nokuverenga chitsauko chechina chaVaRoma, chitsauko chechipiri cha-VaEfeso, uye dzimwe ndima, tinoona kuti ruponeso chipo chinobva kuna Mwari uye hachigoni kuwanwa. Zvinoitwa nenyasha kana kuti nenyasha dzaMwari.

### **Nyasha Ndiwo Musimboti Unoponesa**

Vanhu vose vane mhosva vakatadza uye, nokuda kwechikonzero ichocco, vakkodzera kuraswa. Zvisinei hazvo, Mwari anotida uye akatuma Kristu kuti azotiponesa. Ndido nyasha. Nyasha inyasha dzisingakodzeri. Nyasha dzaMwari dzinowedzerwa khatiri kubudikidza naJesu Kristu uyo akafa kuti atsanangure kana kuyananisira zvivi. Uku kukanganwirwa nenyasha dzaMwari kunopiwa vaya vanotenda muna Mwari naKristu. Ruponeso runouya nenyasha dzaMwari, uye nokutenda tinowna mapindiro munyasha dzake (VaRoma 5:1-2). Mamwe magwaro anoratidza izvi ndeaya: “Nokuti kutsamwa kwaMwari kunoratidzwa, kuchibva kudenga, pamusoro pokusada Mwari kwose nokusarurama kwavanhu, ...” (VaRoma 1:18).

“Asi zvino kururama kwaMwari kwakaratidzwa kunze kwomurairo, kuchipupurirwa nomurairo navaporofita; ndiko kururama kwaMwari kunovuya nokutenda kunaJesu Kristu kunavose vanotenda; nokuti havasiyani, nokuti vose vakatadza vakkasvika pakubwinya kwaMwari. Vanongoruramiswa nenyasha dzake nokudzikinura

kuri munaKristu Jesu. Iye wakagadzwa naMwari, kuti ave muyananiso nokutenda muropa rake, kuti kururama kwake kuratidzwe, nokuti zvivi zvakaitwa kare zvakaregerwa, Mwari achivaitira moyo murefu” (VaRoma 3:21-25).

“Naizvozvo zvitinoruramiswa nokutenda ngative norugare kunaMwari naShe wedu, Jesu Kristu; watakawana naye mapindire nokutenda munyasha idzi, dzatinomira madziri; ngatifare netariro yokuvona kubwinya kwaMwari” (VaRoma 5:1-2 )

### **Hwaro yoKutenda**

Hwaro yokutenda kwechokwadi ishoko raMwari. Pauro akanyora, kuti: “Saka kutenda kunovuya nokunzwa, nokunzwa kunouya neshoko raMwari.” (VaRoma 10:17). Tsime redu chete reshoko pamusoro paKristu magwaro.

Ichi chokwadi chimwechete chinoratidzirwa naJesu mumufananidzo womukushi (Mateo 13:1-23; Mako 4:1-20; Ruka 8:4-15). Jesu akati. “Mbeu ishoko raMwari” (Ruka 8:11). Mumufananidzo wacho, mbeu payakadyarwa yakawiraumarudzi aka-siyana-siyana evhu, rinomiririra marudzi akasiyana-siyana evanzwi. Asi iyo yakawira muvhu rakanaka yakabereka zvibereko. Jesu akarondedzera ivhu rakanaka achiti: “Asi dzomuvhu rakanaka, ndivo vakanzwa shoko mumoyo wakarurama nowakanaka, vanorichengeta, vachibereka zvibereko nokutsungirira” (Ruka 8:15).

Chibereko chese chakanaka muhupenyu hweMukristu kuda kwembeu, inova izwi raKristu, ichikura mumwoyo wakatendeka uye wakanaka. Asi imwe mhodzi, kana ikabereka muchero, inobereka muchero usiri iwo. Mbeu bedzi inodyarwa naMwari ishoko rake, uye Jesu anoti, “Chinomera chimwe nechimwe, chisina kusimwa naBaba vangu vokudenga, chichadzurwa” (Mateo 15:13).

### **Kutenda Kwakataurwa uye Kwakatsanangurwa**

Kutenda kunopa kupinda munyasha dzaMwari kunopfuura kungotenda chokwadi nezvaJesu. “Asi kunyange zvakadaro vazhinji vevatongiwo vakatenda kwaari; asi vakanga vasingamupupuri nokuda kwavaFarise, kuti varege kubudiswa musinagogē nokuti vakanga vachida kukudzwa navanhu kupfuvura kukudzwa naMwari” (Johani 12:42-43). Mafungiro akadaro haazoponesi. Tinofanira kuziva zvose zvatinogona nezvokutenda kunofadza Mwari.

Chitsauko chegumi neimwe chaVaHebheru chakazvipira kunyaya yekutenda. Muchitsauko ichocco kutenda kunotsanangurwa, kukosha kwekutenda kunosimbisia, uye mienzaniso yakawanda inopiwa inoratidza kuti vanhu vakagamuchira sei zvikomborero zvakasiyana-siyana kubva kuna Mwari nokutenda. Mienzaniso yose inofanira kudzidzwa, asi pano tichakurukura miviri yacho.

## Noa

“Nokutenda Noa wakati anyeverwa pamusoro pezvinhu zwichigere kuvone-kwa,nokutya Mwari, akagadzira areka , kuti aponese mhuri yake; akapa nyika mhosva nazvo, akagara nhaka yokururama kunovuya nokutenda” (VaHebheru 11:7). Nhorroondo yeTestamente Yekare yekusunungurwa kwaNoa nokutenda iri muchitsauko chechitanhatu, chechinomwe, uye chechisere chaGenesisi. Mwari akaudza Noa kuti aizoparadza upenyu kubva panyika nemafashamo, uye Noa akamuteterera. Mwari akamuudza kuti avake areka, achimupa mirayiridzo ine udzame, kuti azviponese iye nemhuri yake. Noa akaita sezvaakanga audzwa naMwari, iye nemhuri yake, uye mhuka dzose dzaakanzi aende nadzo naMwari dzakaponeswa pakunyura. Munhorroondo yaGenesisi tarisa kuti kakawanda sei parinotaura kuti Noa akaita maererano nezvose zvaakanga arayirwa naMwari.

Noa aifanira kuita zvaakanga audzwa naMwari kuti aite kuti aponeswe kubva mumafashamo. Zvinoreva here kuti akaponeswa nemabasa? Tinogona kufunga kudaro dai Mwari asina kutaura, muchitsauko chegumi neimwe chaVaHebheru, kuti kwaiva nokutenda kuti akavaka areka kuti aponese mhuri yake. Akatenda zvakataurwa naMwari, akaisa chivimbo chake maAri nokuda kwechipikirwa Chake, uye akateerera murayiro Wake. Mwari vanopa izvi semuenzaniso wekutiratidza kuti kutenda kwakadii kunounza maropafadzo aMwari.

## Masvingo eJeriko

“Nokutenda masvingo eJeriko akawira pasi, apoteredzwa mazuva manomwe” (VaHebheru 11:30). Chinyorwa cheTestamente Yekare chiri muchitsauko chechitanhatu chaJoshua. Vana vaIsraeri vakanga vauya kuzotora guta reJeriko rakanga rakangetedzwa nerusvingo rukuru. “Zvino Jehovha akati kuna Joshua: “Tarira, ndakaisa Jeriko mumaoko ako, ...” (Joshua 6:2). Sechipo chaMwari, zvakanga zviri nokuda kwenyasha dzake, asi akarayira Joshua navaIsraeri kuita chimwe chinhu vasati vatora. Akamuudza kuti aite kuti vaIsraeri vafambe vachipoterera masvingo zuva nezuva kwemazuva matanhatu uye kanomwe pazuva rechinomwe. Pakanga panewo mamwe mashoko mumirayiridzo. Mwari akavimbisa kuti masvingo aizokoromoka kana vanhu vateerera. Vamwe vangafunga kuti vaizotora rusvingo. guta namabasa avo, asi Mwari akati, mubhuku ravaHebheru, kuti masvingo akakoromoka nokutenda.

VaIsraeri vaiva nekutenda kwakakwana kuti Mwari aigona uye aizoita zvaakavimbisa. Vaivawo nokutenda kwakakwana kwokutenda kuti aireva zvaAkataura paakapa mimwe mitemo yaifanira kuzadzikiswa vasati vagamuchira guta ravakapiwa naMwari. Vakateerera uye masvingo akadonha nokutenda mushure mokunge vateerera Mwari.

Nei Mwari akapa uyu muenzaniso nemimwe paaida kutiratidza zvakaita kutenda kwechokwadi? Zviri pachena kuti imhaka yekuti tinofanira kuva nerudzi rumwe cheterwo rwokutenda rwavaiva narwo. Kana Mwari vavimbisa chikomborero, uye vachipa zvimiyo zvinofanirwa kuzadzikiswa kuti vagamuchire zvikomborero zvevimbiro, chikomborero chinogamuchirwa kana mirairo yaMwari ikateererwa. Kana chikomborero chikagamuchirwa saizvozvo chinogamuchirwa nekutenda. Kutenda kunotora Mwari pashoko Rake uye kunozvipira kwaari mukuvimba nekuteerera.

### **Kutenda kweChikristu**

Chimiro chekutenda hachina kumboshanduka. Sungano yekare iyo vaIsraeri vaiva pasi payo yakapera uye isu tava pasi pesungano itsva, asi chimiro chekutenda chakafanana pasi pesungano ipi zvayo. Izvi zvinoratidzwa kuti ndezvechokwadi nekuti Mwari pavakada kuratidza vanhu vesungano itsva chimiro chekutenda akashandisa mienzaniso yesungano yekare kuti aratidze. Pasinei neizvi, vanhu vakawanda vanoti kana tichifanira kuita chimwe chinhu kuti tiwane ruponeso kunze kwokungotenda kuti zvingava nemabasa uye kwete nokutenda. Mienzaniso iyi iri muchitsauko chegumi nechimwe chaVaHebheru inoratidza pfungwa iyi kuti haina kururama. Pashure pezvose, kutenda uye kupfidza zvinhu zvatinoita, asi zvinokosha. Kana izvo munhu anoita nemaitiro ake pachake hazvibatsiri; asi kana achiteerera murairo waMwari chiito chekutenda.

Kana Mwari akapa vimbiso tinogona kuigamuchira nechivimbo chakakwana. Kana Mwari akapa murairo kana mirairo inofanira kutevedzwa kuti tigamuchire vimbiso iyoyo, hatigoni kuigamuchira kusvikira tateerera nokutenda kwakavimbika. Kutenda kunotenda Mwari uye kunoteerera chero Mwari anoraira netariro ine chokwadi yekugamuchira chero chaanovimbisa. Ndiwo maitiro chaiwo ekutenda.

### **ZVIMWE ZVEKIVERENGA ZVAKAWANDA**

Chitsauko chechishanu chaVaRoma

2 Timoti 1:8-10

Tito 3:3-7

### **Chidzidzo Chegumi Neimwe Kuteerera**

Muzvidzidzo izvi zvakaratidzwa kuti Bhaibheri rinodzidzisa kuti kutenda kunoponesa kutenda kunoita kuti munhu ateerere Mwari. Sezvo kuponeswa pachivi kuchiuya nokutenda, zvakakodzera kubvunza kana Mwari achida kutu tiite zvinodikanwa kuti

tigamuchire ruponeso, uye, kana zvakadaro, ndezvi zvinodikanwa zvach.

### **Kuteerera kwaKristu neVanh**

Jesu aiteerera Mwari Baba, “Uye akati awanikwa anomufananidzo womunhu, akazvininipisa, akaterera kusvikira parufu, irwo rufu rwomuchinjikwa” (VaFiripi 2:8). Nechiito ichocco chekuteerera akaunza ruponeso kватiri, uye anoponesa avo vanomuteerera. NezvaKristu tinoverenga kuti: “Kunyange aiva Mwanakomana, wakadzidza kuterera nezvaakatambudzika; akati akwaniswa, akazova muvambi wokuponeswa kusingaperi kunavose vanomuterera” (VaHebheru 5:8-9). Jesu akati, “Havasi vose vanoti kwandiri, Ishe, Ishe, vachapinda muushe hwokudenga; asi unoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga” (Mateo 7:21).

Avo chete vanoteerera Kristu vachawana ruponeso, nokuti avo vasingateereri vachagamuchira kutsiva: “... pakuvonekwa kwaShe Jesu, kana achibva kudenga navatumwa vesimba rake, mumoto unopfuta, achitsiva avo vasingazivi Mwari, navasingateereri Evhangeri yaShe wedu, Jesu Kristu” (2 VaTesaronika 1:7-8). Izvi zvinoratidza kuti mune mirairo muvhangeri raShe wedu Jesu, nokuti kuteerera kuita zvakarayirwa. Izvi zvinoreva here kuti ruponeso runouya nemabasa kwete nokutenda? Kwete! Kubudikidza nokutenda apo kuteerera kunoitwa. Muna VaRoma 16:26 Pauro anataura nezve “kuteerera kwokutenda.” Hakusi kuteerera kwekukodzera asi kwekutenda, asi kuteerera zvakadaro. Kuteerera nepfungwa yokuwana ruponeso kwaisazounza chipo chaMwari choupenyu husingaperi.

### **Kukura Kwekuteerera**

Munhu anofanira kuteerera kuda kwaMwari kusnika papi? Zvamazvirokwazvo, nokuda kwekusakwana kwenyama, tinoda nyasha dzinokanganwira dzaMwari pakukundikana kwedu kusvikira pakuguma kwoupenyu huno, asi tinofanira kuzvipira kuteerera Mwari zvizere-kwete rutivi rusina rutivi. Ndizvo zvinofanira kuva chido chedu nekushingaira kwedu.

Petro akataura chiporofita chakabva kuna Mosesi (Deuteronomio 18:15-19) ico chakafanotaura kuuya kwaJesu ndokutura kudikanwa kwokumuteerera muzvinhu zvose “Nokuti Mosesi wakati: Ishe, Mwari wenyu, uchamumutsira Muporofita pakati pehama dzenyu, wakafanana neni; muchamuterera pazvose, zvaanotaura kwamuri. Zvino mumwe nomumwe kana asingatereri Muporofita uyo, uchaparadzwa kwazvo pakati pavanh” (Mabasa 3:22-23).

Kana chimwe chinhu mushoko raKristu chisingatifadzi kana kuita sechakanaka kватiri, uye kana tikazvipira kuteerera chete zvinofadza isu kana kukumbira kuuchenjeri hwedu hwevanhu, hatizoiti nekururama muna Kristu. Vazhinji havanzwisise izvi.

Umwe akanzwika oti haana kuenda kunonamata asi aigadzirisa nekupa. Zviripache-na aifunga kuti ruponeso semabasa eruponeso uye pfungwa kana akaita mabasa akanaka akakwana zvaizomupembedza kusaedza kuita kuda kwaMwari kwose. Asi ruponeso runouya nenyasha kubudikidza nokutenda (VaEfeso 2:8). Kana tine kutenda muna Mwari tinotenda zvese Zvaanotaura uye tinogashira kuda Kwake kwakak-wana segwara rehupenuy hwedu. Munhu wekutenda akazvipira kuteerera Ishe mune zvese, kwete kuti awane kana kukodzera ruponeso, asi nekuti Kristu ndiye Ishe weh-upenuy hwake.

### **“Ndoiteiko Ishe”?**

Kutenda kunobvunza kuti, “Ndichaiteiko, Ishe?” Hakubvunze kutu, “Zvakakodzera kuzviita here?” Mubvunzo uyu: “Ndichaiteiko Ishe?” Yakabvunzwa nomwoyo wose nomumwe murume akanga achangobva kudzidza kuti Jesu akanga ari Kristu, Mwanakomana waMwari. Murume wacho akanga ari Sauro weTaso, uye nhauro yechatanuro yake inowanwa munzvimbo nhatu: Mabasa, ganhuro 9, 22. uye 26. Nhorroondo dzose dziri nhatu dzinofanira kuraviwa kuti muwane nhau yacho yose. Pano ticharondedzera zviitiko kubva muzviotiko zvakasanganiswa.

Sauro akanga ari munzira kuenda kuDhamasiko kunotambudza MaKristu imomo apo, pakati pezuva, chiedza chakabva kudenga chinopenya kupfuura zuva chakapenya paari, uye akaona Jesu mudenga. Jesu akati: Sauro, Sauro, unondishushirei? Sauro akabvunza akati, Ndimi aniko, Ishe? Jesu akapindura akati, Ndini Jesu weNazareta waunotambudza.

Sauro akaziva kuti akanga achipikisa Mwari naKristu. uye akadanidzira, achiti, Ndichaiteiko, Ishe?” Kutenda kwake kutsva kwakamuita kuti apfidze nokukurumidza ndokuchinja nzira youpenyu hwake.

Mubvunzo waSauro ndiwo wakakosha kune wese. Jesu paaitaura naye akamuudza zvimwe zvinhu zvaazifanira kuita uye kutambura mubasa revhangeri, asi haana kumuudza pachake zvaafanira kuita kuti aregererwe. Asi, Akamuudza kuti apinde muguta uye akavimbisa kuti mumwe munhu ikoko aizomuudza zvaafanira kuita (Mabasa 9:6). Kwamazuva matatu Sauro akamirira uye achinyengetera, ari bofu nokuda kwechiedza chaakanga aona. Ipapo Ishe akatuma vadzidzi vainzi Ananiasi kuna Sauro. Ananiasi akasvinudza Sauro, akamuudza zvimwe zvezvinhu zvimwe chetezvo.

Jesu akanga atomuudza nezvebasa rake mukati achiparidza Kristu. Ipapo akati, “Zvino uchanonokerei? Simuka ubhabhatidzwe usukwe zvivi zvako, uchidana kuzita raShe” (Mabasa 22:16). Ndizvo chete zvaakaudzwa naAnaniasi izvo Jesu akanga asati atombomuudza. Naizvozvo ndizvo zvairehwa naJesu paakati mumwe munhu

aizomuudza zvaafanira kuita.

Chokwadi zvakanga zvakakodzera kuti Sauro atende muna Kristu uye apfidze zvivi zvake. Zvakanga zvisina basa kuti Ananiyasi amuudze kuti aite izvozvo nokuti akanga atotenda nomwoyo wake wose uye akanga apfidza zvikuru zvokuti haana kudya kana kunwa kwemazuva matatu achinyengetera achimirira kudzidza zvaafanira kuita. Akateerera uye zvivi zvake zvakasukwa. kwete nesimba rokuchenesa remvura asi nesimba raMwari uyo akamuregerera paakateerera nokutenda.

Ruponeso rwakatengwa nokuda kwedu naJesu, neropa rake rakadeurwa pamuchinjikwa, uye tinoribata nokutenda. Zvinodikanwa zvevhangeri zvakafanana kwatiri sezvazvaiva kuna Sauro. Ishe mumwe chete, chipikirwa chake chakangofana, uye zvaanoda ndezvenguva iyoyo.

### **Tsvaka Chokwadi Chese**

Kudzidza chokwadi panyaya yeruponeso, kana chero chimwe chidzidzo, tino-fanira kudzidza zvose zvinotaurwa neBhaibheri panyaya yacho. Somuenzaniso, munhu aisagona kudzidza muna Mabasa 16:31 zvose zvinodiwa kuti aponeswe. nokuti vhesi iyi inongotaura nezvokutenda muna Kristu. Kungava kukanganisa kwakakomba kufunga kuti kupfidza hakukoshi nemhaka bedzi yokuti hakuna kutaurwa mundima iyoyo. Patinoverenga Bhaibheri rose rinotaura nezvenyaya yekutenda tinonzwissa kuti kutenda muna Kristu mupfungwa yechokwadi kunosanganisira kugamuchira zvese Zvaanotaura uye nekupa kuda kwedu kukuda kwake mukuteerera, asi isu hatingadzidze izvozvo kubva mundima imwe chete iyi.

Ngatinyatsoongororai Mabasa 16:31 mumashoko akapoteredza. Pauro naSirasi vakanga vari mutorongo uye vakanga vachiimba nokunyengetera pakati pousiku. Kudengenyeka kwenyika kwakazungunusa torongo, mikova ikazaruka, nezvisungo zvikasununguka pavasungwa vose. Muchengeti wetorongo akamuka, uye, achifunga kuti vasungwa vakanga vatiza, akanga oda kuzviuraya, Pauro akamudana uye akamuvimbisa kuti vose vakanga varimo. Zvadaro jalor. achidedera nokutya, akadanidzira, achiti: Madzishe, ndinofanira kuitei kuti ndiponeswe? Mhinduro yavo yaiti, “Tenda kunaShe Jesu Kristu ugoponeswa., neimba yako” {vhesi 31). Asi havana kukwanisa kutenda kusvikira vanzwa shoko raJehovha, saka ndima inotevera inoti Pauro naSirasi vakataura shoko raJehovha kwavari. Ipapo ndima 33 inozivisa, Akavatora nenguva iyoyo yousiku, akasuka mavanga; ndokubhabhatidzwa iye nevose vake pakarepo. Vhangeri raKristu rine zvokwadi dzinofanira kutendwa nokutenda, mirairo inofanira kutevedzwa nokutenda, uye vimbiso dzinofanira kugamuchirwa nokutenda.

## **Chidzidzo Chegumi Nembiri**

### **Kupfidza**

“Asi nguva dzekusaziva uku Mwari haana kurangarira; asi zvino unoraira vanhu vose kwose kwose kuti vatendeuke.” (Mabasa 17:30). Jesu paakaudza vadzidzi vake kuti vaparidze evhangeri munyika yose akati, “Saizvozvo zvakanyorwa, saizvozvi Kristu waifanira kutambudzika, uye kuti amuke kubva kudenga. vakafa pazuva rechitatu, uye kuti kupfidza nokukanganwirwa zvivi zviparidzwe muzita rake kumarudzi ose, kutanga paJerusarema.” (Ruka 24:46-47). Mamwe magwaro akawanda anoratidza kudiwa kwokupfidza kuti akanganwirwe.

Magwaro anoratidza zvikuru kuda kwaMwari kukanganwira avo vanopfidza. Izvi zvinoratidzwa mumufananidzo wemwanakomana muparadzi nechido nemufaro izvo baba vakagamuchira mwanakomana wavo pakudzoka kwake kumusha (Ruka 15:11-32). Jesu aiva nechido chekuregererwa kweavo vakamuroverera pamuchinjikwa (Ruka 23:34). Vazhinji vakarayira rufu rwajesu vakasvika pakutenda maari uye vakazvidemba nokuda kwezvavakanga vaita. Mukupindura mubvunzo wavo wezvavaifanira kuita, Petro akavaudza kuti vatendeuke vabhabhatidzwe muzita rajesu uye akavavimbisa kuregererwa {Mabasa, chitsauko chechipiri).

### **Chii Chinonzi Kupfidza?**

Kupfidza hakusi kungodemba chete. Kusuwa kwakakodzera kunoita kuti munhu atendeuke, asi kusuwa kwacho hakusi kutendeuka: “Nokuti kusuwa kwoumwari kunouyisa kutendeuka kunoisa kuruponeso kusingazvidembi, asi kusuwa kwenyika kunouyisa rufu.” (2 VaKorinte 7:10). Asi kana mutadzi akauya nokutenda muna Mwari, achada Mwari nokuda kworudo rwake kwaari, uye achada zvaanoziva kuti Mwari anoda uye agovenga zvaanoziva. Mwari anovenga, achazvidemba nokuda kwezvivi zvake nokuti chivi chinomudzivirira kubva panyasha dzaMwari uye chinomuita kuti arasikirwe kana akasaregererwa. Anoshuva kanganwiyo yaMwari. Uko ndiko kuchema kwoumwari kana kusuwa kuna Mwari, uye kunomuita kuti arege kuregererwa. Kunaka kwaMwari kunotungamira mukutendeuka (VaRoma 2:4). Dzimwe nguva, kana munhu ava muKristu, chinangwa chake kutya kurasika kupfuura kuda Mwari, asi rudo ruripo uye sezvaanokura muna Kristu rudo runoramba ruchi-kura uye rakasimba.

Kupfidza hakusi kungovandudza Kutendeuka kunoita kuti munhu agadzirise kana kuti achinje mararamiro ake, asi panogona kuva nekuvandudzwa pasina kutendeuka. Mumwe anogona kuchinja maitiro ake nekuti anofunga kuti zvichavandudza chiteshi chake muhupenyu. Anogona kuchinja nenzira iyoyo kunyange kana asingatendi muna Mwari, asi kunenge kusiri kutendeuka kunotungamirira kuruponeso. Zvino kutendeu-

ka chii? Kupfidza kushanduka kwekuda nekuda kwekuziva kwekurasika kwemunhu uye chido chekuva akarurama naMwari. Kutsunga, kunokurudzirwa zvakakodzera, kutendeuka kubva kuchivi uye kurarama maererano nechido chaMwari.

### **Kuoma**

Dambudziko guru mukuteerera evhangeri harisi mukunzwisia zvinodiwa, asi mukutendeuka. Ikoko imhaka yokuti hazvisi nyore kurega kuda kwomunhu mukuzvisia pasi pokuda kwaMwari.

Vazhinji vanoomerwa nekutendeuka nekuti vanoda mafaro echivi uye havadi kusiya maitiro ezzvivi muhupenyu hwavo. Kusada ikoko kunogona kuputswa kana rudo rwaMwari ruchionekwa.

Kune vamwe zvinonetsa kutendeuka nekuti vanoda kutenderwa nenyika. Ikoku kwakanga kuri kwechokwadi munguva youshumiri hwajesu sezvazvakaита zvino: “Kunyange zvakadaro, vazhinji pakati pavabati vakatenda kwaari, asi nokuda kwava-Farise vakanga vasingamubvumiri, kuti varege kudzingwa musinagogue; nokuti vaka-da rukudzo rwavanhu kupfuura rukudzo rwaMwari.” (Johani 12:42-43). Apo munhu anopfidza zvikuru anotsunga kuita kuda kwaMwari, pasinei zvapo nokuti vamwe vantaura kana kuti kuita.

Apo Sauro weTaso, panzira inoenda Dhamasiko, akaona Jesu uye akazoziva zvaaifanira kuita kuti apedze kuteerera uye kukanganwirwa, akabva angoteerera. Mushure menguva refu akati, “... ini handina kuramba kuterera chiratidzo chokudenga; asi ndakatanga kuparidza kuna veDhamaseko, nokunaveJerusarema, nenyika yose yeJudhea, nokuvahedheni, kuti vatendevuke, varingire kunaMwari, vaite mabasa akafanira kutendevuka. Pamusoro paizvozvi vaJudha vakandibata mutembere, vakaidza kundivuraya” (Mabasa 26:19-21). Akateerera pasina kutendeutswa nomumwe munhu, pasinei nokuti vamwe vangafunga sei. (VaGaratiya 1:15-17).

### **Mabasa Akakodzera Kupfidzwa**

Ndeapi marudzi ezviito akakodzera kutendeukwa? Johani Mubhabhatidzi paakaparidza kutendeuka akaudza vateereri vake kuti vabereke zvibereko zvakakodzera kutendeuka (Ruka 3:8). Mundima dzinotevera, mukupindura mibvunzo yanvanhu, akarondedzera mamwe emabasa avaifanira kuita. Kurarama kwakarurama nezviito zverudo muzvibereko zvekutendeuka, uye zviito zverudo muzvibereko zvekutendeuka. Kana munhu atendeuka pakuita chivi zvoreva kuti haachadi kuva mutadzi, asi anoda kuita zvakanaka: “Naizvozvo kana munhu ava muna Kristu, wava chisikwa chitsva, zvinhu zvakare zvapfuura, zvinhu zvose zvava zvitsva” (2 VaKorinte 5:17). Mafungiro ekare, nezvishuvo, nezvinangwa zvinobviswa, uye mafungiro mats-

va, nezvishuvo, nezvinangwa zvakachena uye zvakarurama. Zvoreva kuti zviito zvakare zvinova zvakatendeseka. Mbavha inova yakaruramw, murevi wenhema anova pachokwadi, zvichingodaro.

Kana munhu ave asina kutendeseka uye akapfidza achaedza nepaanogona napo kuti aripe zvaakawana nokusatendeseka. Zvimwe zvinhu hazvigone kugadzirisa, asi munhu anopfidza anoda kugadzirisa zvakaipa zvese zvaakaita, uye achaita nepaanogona napo. Rimwe zuva Jesu akapinda mumba maZakeo ndokuunza ruponeso, “Zakeo akamira, akati kuna Ishe: Tarirai, hafu yefuma yangu, Ishe, ndinopa kuvarambo, uye kana ndakatorera munhu chinhu ndinomudzorera runa” (Ruka 19:8). Akanga apfidza uye akanga agadzirira kuita mabasa akakodzera kupfidza.

Vamwe vanhu vanozova neshanduko huru mumufambiro kupfuura vamwe kana vatendeuka nokuti vakararama upenyu hune zvitadzo, asi vose vakatadza uye vanofanira kutendeuka kana kuparadzwa (Ruka 13:3, 5).

### **Mukristu uye Kutendeuka**

Kupfidza kunobatanidza chimiro chendangariro chomwoyo icho munhu anofanira kuva nacho mukuva Mukristu, uye chero bedzi Mukristu achichengeta chimiro chendangariro ichocco chinokosha chaanopfuirira kukanganwirwa, anopfuirira mumugariro wokukanganwirwa, kunyange nokuda kwezvivi zvaasingazivi. Kana akatera kumuedzo ndokusarudza kuita zvaanoziva kuti zvakaipa iye arasa chimiro chendangariro chokupfidza uye anofanira kupfidza ndokudzokera kuna Mwari nokuda kwekanganwi. Mwari anogara achida kukanganwira.

### **Kutendeuka Kwakazara**

Munhu haagoni kutendeuka pane zvimwe zvivi obatirira vamwe uye vawane nyasha uye maropafadzo aMwari. Kana munhu akapfidza pakuba mutadzi, anoshuva kuti dai asina kumboita chakaipa uye anoda kuita zvakarurama muzvinhu zvose. Anotsvaka kudzidza zvose zvinodiwa naMwari uye anozviita sezvaanodzidza. Kupfidza kunodiwa pakuba Mukristu uye kunoramba kuri kunodikanwa mukurara-ma hupenyu hweChikristu.

### **Mazano Ekuwedzera Kuverenga**

Munamoto weanopfidza: Mapisarema 51.

Kushanduka kwemoyo: VaRoma 12:1-2.

Kusiyana kwehupenyu hwechivi nehupenyu mushure mekutendeuka: VaEfeso 4:17-32; VaKorose 3:1-17.

Mamwe mabasa akakodzera kupfidzwa: Mateo 25:31-36.

## **Chidzidzo Chegumi Nematatu Murairo weKubhabhatidzwa**

Varavi vose veBhaibheri vanoziva kuti rubhapatidzo murairo waShe, asi havasati vari vose vanobvumirana pane dzimwe pfungwa pamusoro parwo. Naizvozvo, kunyange zvazvo takatopa ngwariro kurubhapatidzo, tichapa ichi chidzidzo kuimwe fundo yenhau yacho

### **Chinangwa Chokubhabhatidzwa Ndechei?**

